**O`ZBEKISTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**A`JİNİYAZ ATINDAG`I**
**NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI**

**TARIYX FAKULTETI**

**TARİYX OQITIW METODİKASI KAFEDRASI**


**Tariyx oqitiw metodikasi bakalavr ta'lim bag'dari**
**4-A kurs talabasi Aytımbetova Gu`lzar Karamatdinovnanın`**


# «İ.A.Karimovtın` «Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q» shıg`armasının` a`hmiyeti»

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI


**İlimiybasshı:**
**t.i.d. prof. B.A.Koshanov**


**No'kis–2016**

## MAZMUNI:

**KIRISIW………………………………………………………………….. 3**

**I BAP. Prezident İ.A.Karimov ana Watan tariyxına jan'asha ko'z-qarastı qa'liplestiriw haqqında**

1.1. «Tariyx penen qurallandiriw, ja'ne bir ret qurallandiriwimiz za'ru'r»……………………………………………………………… 10
1.2. Ana Watan tariyxina jan'asha ko'z-qarasti qa'liplestiriw haqqinda………14

**II BAP. Prezident İ.A.Karimov tariyx, arxeologiya, etnografiya ilimlerinin' zamanago'y mashqalaları haqqında**

2.1. O'zbekistan xaliqlarinin' a'yyemgi o'tmishi haqqinda …………………… 21

2.2. Milliy g'a'rezsizlik ideologiyasi ha'm tariyx ilimi………………………….27

**III BAP. Prezident İ.A.Karimovtın' «Tariyxıy eslewsiz kelejek joq» kitabı ha'm Qaraqalpaqstan tariyxının' zamanago'y mashqalaları haqqında**

3.1. Qaraqalpaq xalqinin' a'yyemgi o'tmishi ha'm orta a'sirler tariyxi haqqinda……………………………………………………………………..35
3.2. Qaraqalpaqstan tariyxinin' zamanago'y mashqalalari haqqinda…................47

**Juwmaqlaw……………………………………………………………………50**
**Paydalanilg'an a'debiyatlar……………………………………………….53**
**Qosimshalar…………………………………………………………………...56**

# KIRISIW

**Temanın' aktuallig'i.** O'zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimovtın' «Ona yurtimiz baxtu iqboli va buyuk kelajagi yo'lida xizmat qilish – eng oliy saodatdir» kitabında tariyxtı umıtqan xalıq, ja'miyet o'z jolın jog'altadı. Bunday xalıq ha'm ja'miyettin' keleshegi joq» degen pikirleri tariyxshılar ushın izleniwdi dawam etiw wazıypasın alg'a qoydı. Haqıyqatında da, keshegi tariyx biz ushın turmıs mektebi. Og'an qarap sabaq alamız, juwmaq shıg'aramız, keleshek jolın belgileymiz[1].

Sovet zamanında jazılg'an soxta tariyx insandı za'ha'rleydi, onın' sana-sezimin aljastıradı. Tariyxımız –shegi joq g'a'ziyne, biz ushın maqtanısh deregi esaplanadı. Sonday-aq tariyxımız balalarımız ushın suw ha'm hawaday kerek. Sonın' ushında jurtbasshımız jaslarımızg'a qarap: «oqın', tariyxtı u'yrenin', tariyxın, o'tmishin bilgen adam keleshekte adaspaydı» dep na'siyat beredi.

O'zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov 1998-jılı O'zbekistan Respublikası zıyalıları, sonın' ishinde tariyxshıları menen ushırasqanda «o'z tariyxın bilgen, onnan ruwxıy ku'sh alatug'ın xalıqtı jen'iw mu'mkin emes eken, biz haqıyqıy tariyxımızdı tiklewimiz, xalqımızdı, milletimizdi a'ne sol tariyx penen qurallandırıwımız kerek. Tariyx penen qurallandırıw, ja'ne bir ret qurallandırıwımız za'ru'r»- degen edi. Usı ushırasıwdag'ı jurt basshımızdın' oy-pikirleri Tashkent qalasındag'ı «Sharq» baspasınan «Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q» («Tariyxıy eslewsiz keleshek joq») atamasında o'z aldına kitap bolıp shıqtı[2].

**Jan'a tariyxtı tayarlaw boyınsha hu'kimetlik qararlar**.1996-jıldın' 16-dekabrinde O'zbekistan Respublikası Ministrler Kabinetinin' «O'zbekistannın' jan'a tariyxın tayarlaw ha'm baspadan shıg'arıw haqqında» 445-sanlı qararı, 1997-jıldın' 24-fevralında Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken'esinin' 45/2 sanlı

«Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxın tayarlaw ha'm baspadan shıg'arıw haqqında» qararı qabıl etilgen edi.

---

[1] Karimov I.A. Ona yurtimiz baxtu iqboli va buyuk kelajagi yo'lida xizmat qilish- eng oliy saodatdir. –Toshkent: O'zbekiston, 2015. 107-108-betler.
[2] Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q. Toshkent: "Sharq", 1998

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken’esinin’ «Qaraqalpaqstannın’ jan’a tariyxın tayarlaw ha’m baspadan shıg’arıw haqqında» qararında:

- «Bizin’ xalqımızdın’ o’tmishinde millet ta’g’dirine baylanıslı tariyxıy qubılıslardı teren’ ilimiy izertlew ha’m onı durıs sa’wlelendiriw;
- Qaraqalpaqstannın’ jan’a tariyxın jazg’anda tariyxıy basqıshlar ha’m sotsiallıq-siyasiy progress — bul u’zliksiz qubılıs ekenin esapqa alıw, tariyxıylıq ha’m miyraslıq tiykarlarg’a su’yeniw;
- Qaraqalpaqstan xalqının’ ullı tariyxıy miyrasqa iye ekenin ha’m ulıwma insanıylıq qa’diriyatlarg’a ılayıqlı u’les qosqanın ta’n ala otırıp, ma’mleketlik qurılıstın’ o’zine ta’n da’stu’rleri ha’m pikirlerdin’ ja’ne olarg’a ko’z-qaraslardın’ o’zgesheliklerin esapqa alıw;
- Qaraqalpaqstannın’ jan’a tariyxının’ ha’r bir bo’limin ha’m babın jazg’anda bir ta’replemeli subektiv ko’z-qarasqa jol qoymaw ha’m birden-bir izertlew usılın saqlaw;
- Qaraqalpaqstannın’ tariyxına baylanıslı waqıyalardı sa’wlelendirgende Qaraqalpaqstannın’ tariyxı a’yyemgi Turan jeri ha’m Tu’rkstan tariyxının’ ajıralmas quram bo’legi bolıp tabılatug’ının esapqa alıw;
- Qaraqalpaqstannın’ tariyxı du’nyanın’ ha’r qıylı aymaqlarında ju’z bergen sotsiallıq-tariyxıy waqıyalarg’a, sonday-aq jer ju’zilik progressiv qubılıslarg’a ha’m olardın’ bir-birine ta’sir jasawına tıg’ız baylanıslı ekenin esapqa alıw;
- İzertlewler ju’rgizgende kommunistlik-bolshevistlik ideologiyanın’ qatıp qalg’an pikirlerine ha’m o’tmishti burmalawg’a jol qoymaw, tariyxıy waqıyalardı durıs bahalaw;
- Jaslarda milliy g’a’rezsizlik ideyalar, Watandı su’yiwshilik, azamatlıq ha’m ulıwma insanıylıq qa’diriyatlardı qa’liplestiriwde tariyx ilimi ha’m pa’ninin’ a’hmiyetine dıqqat awdarıw» inabatqa alınsın dep belgilengen edi.

Prezidentimizdin’ «Tariyxıy eslewsiz keleshek joq» miynetinde tariyxshılardın’ aldına qoyılg’an inabatlı wazıypanı orınlap, xalqımızdın’ ha’m ma’mleketimizdin’ a’yyemgi o’tmishi ha’m jaqın tariyxına degen qızıg’ıwshılıg’ın esapqa ala otırıp 2000-jılı «O’zbekistonning yangi tariyxi, 1-3 kitob», 2003-jılı

«Qaraqalpaqstannın' jan'a tariyxı. Qaraqalpaqstan XIX a'sirdin' ekinshi yarımınan XXI a'sirge shekem» akademiyalıq monografiyalar baspadan shıg'arıldı. 2001-jılı baspadan shıqqan akademik S.K.Kamalovtın' «Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwi ha'm onın' ma'mleketligi tariyxınan» kitabı respublikalıq Berdaq atındag'ı sıylıqtı alıwg'a miyasar boldı[3].

**Temanın' maqseti ha'm wazıypaları.**Tariyx ilimindegi usınday jan'alıqlar menen jetiskenlikler usı miynetlerdi do'retiwge tu'rtki salg'an Prezidentimiz İ.A.Karimovtın' «Tariyxıy eslewsiz keleshek joq» shıg'armasın ja'ne de teren' izertlewdi talap etedi.

Haqıyqatında da xalqımızdın' milliy o'zligin an'lawı barısında onın' haqıyqıy tariyxın, muqaddes qa'driyatların, ata-babalarımızdın' miyrasların biliwge qızıg'ıwshılıg'ı ku'sheydi.

O'zlikti an'law, en' aldı menen o'tmishti u'yreniwden, tariyxqa za'ru'rlik seziwden baslanadı. Haqıyqatında da, o'zin an'lap atırg'an, o'zin tu'sinip atırg'an ha'r bir adam qanday shan'araqta du'nyag'a kelgeni, o'z a'wladlarının' kimler bolg'anın, ata-babaları neler menen shug'ıllang'anın ha'm qanday o'mir su'rgenin oylap, bilip alıwg'a ha'reket etedi. Olardın' pazıyletleri ha'm miyrasları menen maqtanıp jasaydı.

Biz o'tmishti tiklew, tariyxıy haqıyqatlıqtı o'z ornına qoyıw arqalı du'nyag'a ko'z-qarasımızdı, pikirlewimizdi bayıtamız, usı arqalı demokratiyalıq, puqaralıq, erkin ja'miyetti jan'alaymız.

Biz Watanımız tariyxı ha'm xalıqtın' o'tmishin u'yreniw arqalı bu'gingi ku'ni o'zimizdin' juwapkershilik sezimlerimizdi qa'liplestiremiz. Rawajlanıwdın' jan'a da'wiri bosag'asında turg'anımızdı ha'm xalqımızdın' ullı keleshegine tiykar salıwg'a juwapker ekenligimizdi, qatnasıg'ımızdın' bar ekenligin tu'sine baslaymız. Haqıyqıy tariyxtı biliw ja'miyetimizdin' ha'r bir puqarasının', a'sirese jas a'wladtın' o'mirde o'z jolın tan'lap alıwına, bu'gingi turmısımızdın' qa'dirine jetiwine ha'm keleshegin anıqlap alıwına ja'rdem beredi.

[3] O'zbekiston Yangi tarixi. 1-3 kitob. Toshkent: "Sharq", 2000; Qaraqalpaqstan jan'a tariyxi.No'kis:Qaraqalpaqstan, 2003; Kamalov S.K.Qaraqalpaqlardin' xaliq bolip qa'liplesiwi ha'm onin' ma'mleketligi tariyxinan No'kis, 2001.

Sonın’ menen qatar, xalqımız tariyxın u’yreniwdegi a’hmiyetli wazıypalarımızdın’ biri suverenli Qaraqalpaqstan Respublikasında paraxatshılıqtı, adam huqıqların ha’m xalıqlar erkinligin, olardın’ sotsial-ekonomikalıq ha’m ma’deniy turmıs abadanlıg’ın ta’miyinleytug’ın demokratiyalıq ja’miyet du’ziw ja’ne de usı ja’miyetti qorg’aytug’ın ha’m du’zetug’ın ku’shli demokratiyalıq huqıqıy ma’mleket kerek ekenligin u’yreniwimiz kerek ha’m og’an o’z u’leslerimizdi qosıwımız tiyis boladı.

O’zbekistan Respublikası Prezidenti İslam Karimov tariyxshı alımlarg’a xalıqtın’ kelip shıg’ıwı ha’m ma’mleketshiliktin’ qa’liplesiwi, onın’ rawajlanıw basqıshları haqqında ilimiy jaqtan da’liyillengen tariyxtı jaratıwdı baslı wazıypa etip qoydı. Sonlıqtan da tariyxtı, sonın’ ishinde, Qaraqalpaqstan tariyxın u’yreniwde to’mendegi ma’selelerge a’hmiyet beriw za’ru’rli.

Qaraqalpaqstan xalıqları en’ a’yyemgi xalıqlardan bolıp, olar jer ju’zilik ma’deniyatta o’zine ta’n ha’m qaytalap bolmaytug’ın tariyxına iye. Xalqımızdın’ tariyxının’ betlerin ashıp qarasaq, biz onnan adamlar ushın, a’sirese jaslar ushın suw menen hawa qanday kerek bolsa, tap sonday kerek bolg’an patriotlıq ha’m internatsionallıq, qaharmanlıq ha’m miynet su’yiwshilik, adamgershilik ha’m a’dep-ikramlılıq, doslıq ha’m awızbirshilik, haqıyqatlıq ha’m miyrim-sha’pa’a’tlik, ma’deniyatlılıq ha’m kishipeyillilik ideyaların ko’remiz.

Xalqımızdın’ bay tariyxıy ta’jiriybesi ha’zirgi ha’m keleshektegi sotsial-ekonomikalıq, siyasiy ha’m ma’deniy rawajlanıw wazıypaların durıs belgilew ha’m anıqlawda u’lken a’hmiyetke iye. Sonın’ ushın da ata-babalarımız «O’tmishin’di bil, hesh bolmasa jeti atan’dı bil» dep na’siyat etken. Bul jaslar ushın qarız ha’m parız bolg’an.

Tariyx ilimi o’zinin’ pu’tkil dıqqat itibarın o’tmish ha’m ha’zirgi zamang’a qaratadı, onnan sabaq beredi, juwmaq shıg’aradı, ata-babalarımızdın’ yadnamada qalg’an turmıs-ta’rzin, olar jaratqan ma’deniy, ruwxıy qa’driyatların u’yrenedi.

Ekinshiden, tariyx ilimi, basqa ja’miyetlik pa’nlerge qarag’anda anıq pa’n. Tariyxıy waqıya ha’m ha’diyseler qatan’ anıqlıqta, da’wir izbe-izliginde – xronologiyalıq tiykarda u’yreniledi.

U'shinshiden, tariyx ilimi o'tmishte sotsiallıq-ekonomikalıq turmıs awhalı, rawajlanıwı ha'm dag'darısının' sebeb ha'm aqıbetlerin u'yrenedi, olardan keleshek ushın sabaq ha'm juwmaq shıg'aradı. Bul bolsa, a'wladlar ushın bag'darlama boladı.

To'rtinshiden, tariyx ilimi pa'ni ko'p qırlı ha'm ha'r tu'rli qa'siyetke iye. Ol ja'miyet rawajlanıwı ha'm dag'darıslarının' tek bir ta'repin g'ana emes, ba'lki onın' ha'mme ta'replerin bir-birine baylanısta, bir pu'tinlikte u'yrenedi.

**Temanı izertlewde teoriyalıq-metodologiyaliq tiykarlar**. Prezidentimiz İ.A.Karimov «Tariyxıy eslewsiz kelejek joq» miynetinde tariyx iliminin' to'mendegi metodologiyalıq printsiplerin atap o'tti:

* tariyxıy ha'diyse ha'm waqıyalardı, hu'jjet ha'm faktlerdi ilimiy obektivlilik penen tuwrı u'yreniw ha'm talqılaw;

* tariyxtı milliylik ha'm ulıwma insanıylıq printsipleri tiykarında u'yreniw ha'm talqılaw;

* tariyxtı haqıyqıy obektivlik, tariyxıy-filosofiyalıq logikalıq negizde u'yreniw ha'm jazıw;

* tariyxqa milliy ha'm ulıwıma insanıylıq yadnama ha'm qa'driyat sıpatında hu'rmet etiw ha'm itibarlı bolıw;

* xalıq, ullı ma'mleket g'ayratkerleri ha'm basshıları, talantlı ha'm qa'biletli, pidayı ha'm qaharman adamlardın' tariyxta tutqan ornına ayrıqsha itibar beriw;

* tariyxıy waqıya ha'm ha'diyse, hu'jjet ha'm faktlerdin' tuwrı ha'm natuwrılıg'ın anıqlawda tariyxıy-talqılaw usılına a'mel qılıw;

* tariyxtı ilimiy-do'retiwshilik penen seziw, kritikalıq negizde u'yreniw;

* etnografiya, arxeologiya, antropologiya, geneologiya ha'm basqa pa'nlerdin' jetiskenlikleri ha'm usıllarınan paydalanıw;

* tariyxtı u'yreniwde miyraslıq ha'm o'z-ara baylanıs, en' a'hmiyetlisi, logikag'a a'mel qılıw.

«Tariyxtı qanday bolsa, sondaylıg'ınsha u'yreniw kerek» degen tu'sinik u'stemlik etpewi za'ru'r.

Prezidentimiz İslam Karimovtın’ tariyx ilimine baylanıslı teoriya ha’m ta’liymatları, metodologiyalıq printsiplerinin’ a’hmiyeti u’lken. Jurtbasshımız İslam Karimov tariyxtın’ en’ muqaddes milliy ha’m ulıwma insanıy yadnama ha’m qa’driyat ekenligin bildirip, “tariyxıy eslewsiz keleshek joq”, “o’zlikti an’law tariyxtı biliwden baslanadı”, “tariyx - xalıq ruwxıylıg’ının’ tiykarı” degen teren’ filosofiyalıq pikirlerdi aldıg’a su’rdi.

Jurtbasshımız aytqanınday, “negizinde tariyx ha’m filosofiya logikalıq ra’wishte bir-birin toltıratug’ın, rawajlanıw protsessleri haqqında bir pu’tin tu’sinik beretug’ın, aq-qaradan parıqlawda tiykar bolatug’ın pa’nler”[4].

**Temanın’ izertleniw da’rejesi**. Hu’rmetli Prezidentimizdin’ shıg’armaların tariyxıy derek sıpatında u’yreniw endi qolg’a alınıp atırıptı. O’zbekistan tariyxshılarınan 2016-jılı Qarshi qalasında bolıp o’tken «O’zbekistonning eng yangi tarixini o’rganishning nazariy metodologik asoslari» atamasinda respublikalıq ilimiy-a’meliy konferentsiyasında bayanat jasag’an alımlardın’ miynetlerin atap o’temiz[5].

Qaraqalpaqstan tariyxshılarınan prof. B.A.Koshanov penen u’lken ilimiy izertlewshi T.A.Ametovtın’ maqalaların atap o’temiz[6].

Sonday-aq tariyxnama boyınsha keyingi jılları O’zbekistanda o’tkerilip atırg’an ilimiy anjuman materialları «Qaraqalpaqstan tariyxnaması (en’ jan’a da’wir) predmetin teren’ tu’siniwge ja’rdem beredi[7].

---

[4] Karimov I.A. Joqari ma’na’wiyat – jen’ilmes ku’sh. Tashkent, 2008. 3 bet

[5] O’zbekistonning eng yangi tarixini o’rganishning nazariy metodologik asoslari Respublika ilmiy-amaliy konferentsiyasi materiallari. 14 may 2016 yil. Qarshi davlat universiteti. Qarshi, 2016: Yo’ldashev I. Prezident asarlarin o’rganish – mamlakatimiz tarixi va bugunini bilish demakdir. 56-59 betler; Kuvvatova N. Prezident I.A.Karimovtin’ «Yuksak ma’naviyat – engilmas kuch » asarida yoshlar tarbiyasi va bag’irkenglik masalalari. 59-61 betler; Xolmatov R. O’zbekiston tarixi fanini o’qitishda Prezidentimiz I.A.Karimovning asarlari birinshi manba . 72-74 betler. Ibragimov S. Islom Karimov asarlarida tarix muammolarini qo’yilishi. 87-90 betler.

[6] Koshanov B.A. Qaraqalpaqstan tariyxnamasi. En’ jan’a da’wir. No’kis: Bilim, 2016; Koshanov B.A., Ametov T.A. Ocherki noveyshey istorii Respubliki Karakalpakstan. Nukus: Karakalpakstan, 2015; Koshanov B.A., Ametov T.A. Islom Karimovning asarlari Qoroqalpog’iston eng yangi tarixi bo’yicha muhim tarixiy manba // «Tarixiy manbashunoslik, tarixnavislik, tarix tadqiqoti metodlari va metodologiyasining dolzarb masalalari» res. ilimiy-nazariy konf. Toshkent davlat sharqshunoslik instituti Toshkent, 2016. Toshkent, 2015 30 aprel. 106-110 betler; Ametov T.A. Значение трудов Ислама Каримова в исследованиях новейшей истории Каракалпакстана// O’zbekistonning eng yangi tarixini o’rganishning nazariy metodologik asoslari Respublika ilmiy-amaliy konferentsiyasi materiallari. 14 may 2016 yil. Qarshi davlat universiteti. Qarshi, 2016. 70-72 betler

[7] Markaziy Osiyo tarixi: manbashunoslik va tarixnavislik izlanishlari. 1-7 ilmiy to’plamlar.Toshkent , 2015; Tarixshunoslik o’qishlari. Toshkent, 2010; Очерки историографии Узбекистана в XX столетии. Ташкент, 2011; O’zbekistonning eng yangi tarixidan ocherklar: metodologiya, tarixshunoslik va manbashunoslik masalalari. Toshkent, 2014; Историческая наука в контексте интеллектуального развития Центральной Азии. Очерки историографии и источниковедения. Ташкент, 2014.

B.Koshanov ha’m A.Jumashev Tu’rkistan, Xorezm ha’m Qaraqalpaqstan xalıqlarının’ XX a’sirdin’ birinshi sheregindegi tariyxnaması boyınsha kitaptı 1997-jılı baspadan shıg’arıp, bunda watandarlıq tariyxnamanın’ jetiskenlikleri menen bir qatarda kemshiliklerin ko’rsete otırıp, birinshi ma’rtebe sırt el tariyxnamasında talqıladı[8].

B.A.Koshanov Qaraqalpaqstan tariyxnaması boyınsha onlag’an xalıq aralıq anjumanlarda bayanatlar jasadı[9].

Pitkeriw qa’nigelik jumısımızda O’zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimovtın’ «Tariyxıy eslewsiz kelejek joq» miynetindegi bahalı wazıypalardı ha’r ta’repleme tallay otırıp, u’lkemiz tariyxına baylanıslı o’zlerimizdin’ oy-pikirlerimizdi beriwdi de maqul ko’rdik.

Pitkeriw qa’nigelik jumısı kirisiw, u’sh bap, juwmaqlaw, qosimshalar,paydalang’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

---

8 Koshanov B.A., Djumashev A.M. Зарубежная и отечественная историография истории Туркестана, Хорезма и Каракалпакстана в первой четверти XX века. Нукус: Каракалпакстан, 1997.

9 Koshanov B.A. Историческая наука Каракалпакстана на современном этапе: обретения и проблемы// Историческая наука в контексте интеллектуального развития Центральной Азии (очерки историографии и источниковедения). Ташкент, 2014. С.55-59; Усы автор. Новейшая история Каракалпакстана: историки, исследования, проблемы//Актуальные вопросы строительства независимой государственности и демократического общества в исследованиях по новейшей истории Узбекистана. Ташкент, 2014; Usi avtor. Историография межнациональных отношений в Каракалпакстане// Межнациональные отношения и толерантность. Ташкент, 2010; Usi avtor. Современная историография новейшей истории Республики Каракалпакстан //Tarixiy manbashunoslik, tarixnavislik, tarix tadqiqoti metodlari va metodologiyasining dolzarb masalalari. 2015. С. 218-223; Usi avtor. Вопросы методологии преподавания новейшей истории Каракалпакстана// Современные методы научного исследования в системе глобального высшего образования. Навои-Бухара, 2015.

## 1-Bap. Prezident İ.A.Karimov ana Watan tariyxına jan'asha ko'z-qarastı qa'liplestiriw haqqında

### 1.1. «Tariyx penen qurallandiriw, ja'ne bir ret qurallandiriwimiz za'ru'r»

Xalqımızdın' tariyxının' betlerin ashıp qarasaq, biz onnan adamlar ushın, a'sirese jaslar ushın suw menen hawa qanday kerek bolsa, tap sonday kerek bolg'an patriotlıq ha'm internatsionallıq qaharmanlıq ha'm miynet su'yiwshilik, adamgershilik ha'm a'dep-ikramlılıq, doslıq ha'm awızbirshilik, haqıyqatlıq ha'm miyrim-sha'pa'a'tlik, ma'deniyatlılıq ha'm kishipeyillilik ideyaların ko'remiz. Qullası, xalqımızdın' bay tariyxıy ta'jiriybesi - ha'zirgi ha'm keleshektegi sotsial-ekonomikalıq, siyasiy ha'm ma'deniy rawajlanıw wazıypaların durıs belgilew ha'm anıqlawda u'lken a'hmiyetke iye. Sonın' ushın da ata-babalarımız "O'tmishin'di bil, hesh bolmasa jeti atan'dı bil" dep na'siyat etken. Bul jaslar ushın qarız ha'm parız bolg'an.

Xalqımızdın' milliy o'zligin an'lawı barısında haqıyqıy tariyxın, muqaddes qa'driyatların, ata-babalarımızdın' miyrasların biliwge qızıg'ıwshılıg'ı ku'sheydi.

O'zlikti an'law, en' aldı menen o'tmishti u'yreniwden, tariyxqa za'ru'rlik seziwden baslanadı. Haqıyqatında da, o'zin an'lap atırg'an, o'zin tu'sinip atırg'an ha'r bir adam qanday shan'araqta du'nyag'a kelgeni, o'z a'wladlarının' kimler bolg'anın, ata-babaları neler menen shug'ıllang'anın ha'm qanday o'mir su'rgenin oylap bilip alıwg'a ha'reket etedi. Olardın' pazıyletleri ha'm miyrasları menen maqtanısh jasaydı.

Biz o'tmishti tiklew, tariyxıy haqıyqatlıqtı o'z ornına qoyıw arqalı pikirlewimizdi bayıtamız, usı arqalı ja'miyetti jan'alaymız.

Biz Watanımız tariyxı ha'm xalıqtın' o'tmishin u'yreniw arqalı bu'gingi ku'ni juwapkershilik sezimlerin qa'liplestiremiz. Rawajlanıwdın' jan'a da'wiri bosag'asında turg'anımızdı ha'm xalqımızdın' ullı keleshegine tiykar salıwg'a juwapker ekenligimizdi, qatnasıg'ımızdın' bar ekenligin tu'sine baslaymız.

Haqıyqıy tariyxtı biliw ja’miyetimizdin’ ha’r bir puqarasının’, a’sirese jas a’wladtın’ o’mirde o’z jolın tan’lap alıwına, bu’gingi turmısımızdın’ qa’dirine jetiwine ha’m keleshegin anıqlap alıwına ja’rdem beredi.

Sonın’ menen qatar, xalqımız tariyxın u’yreniwdegi a’hmiyetli wazıypalarımızdın’ biri suverenli respublikamızda paraxatshılıqtı, adam huqıqların ha’m xalıqlar erkinligin, olardın’ sotsial-ekonomikalıq ha’m ma’deniy turmıs abadanlıg’ın ta’miyinleytug’ın demokratiyalıq ja’miyet du’ziw ja’ne de usı ja’miyetti qorg’aytug’ın ha’m du’zetug’ın ku’shli demokratiyalıq huqıqıy ma’mleket kerek ekenligin u’yreniwimiz kerek ha’m og’an o’z u’leslerimizdi qosıwımız tiyis boladı.

Sonın’ ushında Prezident İslam Karimov “O’z tariyxın bilgen, onnan ruwxıy quwat alatug’ın xalıqtı jen’ip bolmaydı. Biz haqıyqıy tariyxımızdı tiklewimiz, xalqımızdı, milletimizdi mine usı tariyx penen qurallandırıwımız za’ru’r. Tariyx penen qurallandırıw, ja’ne bir ret qurallandırıwımız za’ru’r”[10] degen edi. Usı miynetinde jurt basshımız tariyxshı alımlarg’a xalıqtın’ kelip shıg’ıwı ha’m ma’mleketshiliktin’ qa’liplesiwi, onın’ rawajlanıw basqıshları haqqında ilimiy jaqtan da’liyillengen tariyxtı jaratıwdı baslı wazıypa etip qoydı. Sonlıqtan da Qaraqalpaqstan tariyxın u’yreniwde to’mendegi geypara ma’selelerge a’hmiyet beriw za’ru’rli.

Bunda xalqımız tariyxının’ a’yyemgi ha’m orta a’sirlik da’wirin u’yreniwde bul xalıqtın’ a’yyemgi xalıq ekenligin, jer ju’zilik ma’deniyattag’ı ornı, ha’zirgi Orta Aziya ha’m Qazaqstan xalıqları menen a’yyemgi zamannan kiyatırg’an tuwısqanlıq birligi, tu’bi bir tuwısqan tu’rkiy xalıqlar ekenligi sanamızg’a enip ketiwi tiyis.

A’lbette, ha’r qanday xalıq ya’ki millettin’ ma’nawiyatın, onın’ tariyxı, o’zine ta’n u’rp-a’det ha’m da’stu’rleri, turmıslıq qa’diriyatlarınan ayırıp ko’z aldımızg’a keltirip bolmaydı. Bunda ruwxıy miyras, ma’deniy baylıqlar, a’yyemgi

---

[10] Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo’q. Toshkent: “SHarq”, 1998. – 23 bet

tariyxıy estelikler en’ a’hmiyetli faktorlardan biri bolıp xızmet etetug’ınlıg’ı ta’biyiy.

Bizin’ O’zbekistan dep atalıwshı a’yyemgi ha’m go’zzal diyarımız tek g’ana Shıg’ıs emes, al, ja’ha’n tsivilizatsiyası besiklerinin’ biri bolg’anın xalıq aralıq ja’miyetshilik ta’n almaqta ha’m atap o’tpekte[11]. Bul teberik topıraqtan ne-ne ullı insanlar, alım-ulamalar, siyasatshı ha’m sa’rkardalar jetisip shıqqanı, ulıwma insaniyat tsivilizatsiyası ha’m ma’deniyatının’ ajıralmas bo’legine aylanıp ketken du’nyalıq ha’m diniy ilimlerdin’, a’sirese, islam dini menen baylanıslı bilimlerdin’ tariyxtan en’ joqarg’ı basqıshqa ko’teriliwinde ana jurtımızda tuwılıp ka’malg’a kelgen ullı danıshpanlardın’ xızmetlerinin’ ten’i joq ekenligi bizge u’lken maqtanısh ha’m ma’rtebe bag’ıshlaydı.

Bul a’yyemgi topıraqta bizin’ eramızg’a shekemgi bolg’an da’wirde ha’m onnan keyin qurılg’an quramalı suw jolları, elege deyin o’zinin’ ko’rik-sawlatın saqlap kiyatırg’an esteliklerimiz, a’yyem-a’yyemnen u’lkemizdegi diyqanshılıq ha’m o’nermentshilik  ma’deniyatı, arxitekturalıq ha’m qala qurıw iskusstvosı joqarı da’rejede rawajlang’anınan da’rek beredi. Ma’mleketimiz aymag’ında bar bolg’an to’rt mın’nan zıyat materiallıq ruwxıy estelikler ulıwma ja’ha’n miyrasının’ taptırmas u’lgisi sıpatında YUNESKO dizimine kirgizilgeni de bul pikirdi tastıyıqlaydı[12].

Babalarımız oy-pikiri ha’m ullılıg’ı menen jaratılg’an en’ a’yyemgi tas jazıw ha’m bitikler, xalıq awız-eki a’debiyatının’ u’lgilerinen baslap, bu’gingi ku’ni kitapxanalarımız g’a’ziynesinde saqlanıp atırg’an mın’lap qol jazbalar, olarda ja’mlesken tariyx, a’debiyat, saniyat, siyasat, a’dep-ikramlılıq, filosofiya, meditsina, matematika, mineralogiya, ximiya, astronomiya, arxitektura, diyqanshılıq ha’m basqa tarawlarg’a tiyisli biybaha shıg’armalar bizin’ ullı ruwxıy baylıg’ımız bolıp tabıladı.  Bunday u’lken miyrasqa iye bolg’an xalıq du’nyada kemnen-kem tabıladı.

[11] Karimov I.A.  Tarixiy xotirasiz kelajak yo’q. Toshkent: “Sharq”, 1998.  3 bet.
[12] Karimov I.A. Joqari ma’na’wiyat – jen’ilmes ku’sh. Tashkent, 2008. 3 bet

Ata-babalarımızdın' a'sirler dawamında toplag'an turmıslıq ta'jiriybesi, diniy, a'dep-ikramlılıq, ilimiy, a'debiy ko'z qarasların sa'wlelendiretug'ın bunday tariyxıy estelikler arasında bunnan derlik u'sh mın' jıl burın Xorezm oazisi aymag'ında jaratılg'an «Avesto» dep atalg'an biybaha ruwxıy estelik ayrıqsha orın tutadı. En' da'slep, sonı aytıwımız tiyis, alıs ata-babalarımızdın' aqıl-za'kawatı, ju'rek mehrinin' zu'ra'a'ti bolg'an bul tabılmas esteliktin' zaman boranlarınan, qanshadan-qansha awır sınaqlardan o'tip, bizin' da'wirimizge deyin jetip kelgeninin' o'zinde u'lken mazmun ja'mlengen. Bunday o'lmes estelikler bul a'yyemgi u'lkede, bu'gin biz jasap turg'an topıraqta a'zelden ullı ma'deniyat bar ekenliginen gu'walıq beredi.

A'ne usınday tariyxıy esteliklerdin' u'lgileri menen jaqınnan tanısar ekenbiz, olarda sa'wlelengen teren' pikir ha'm ideyalar, o'mir filosofiyası bizdi bu'ginde tan' qaldırıwına ja'ne bir ma'rte a'miyn bolamız.

Mısal ushın, «Avesto»nın' tu'pkilikli mazmun-ma'nisin belgilep beretug'ın «İygilikli pikir, iygilikli so'z, iygilikli a'meliy is» degen printsipti alatug'ın bolsaq, onda ha'zirgi zaman ushında sheksiz ibratlı bolg'an sabaqlar barlıg'ın ko'riwimiz mu'mkin. Usınday pikirler, yag'nıy iygilikli niyet, so'z ha'm is birligin ja'miyet turmısının' birlemshi ideyası sıpatında alg'a su'riw bizin' bu'gingi ruwxıy ideyalarımız benen qanshama tıg'ız baylanıslı, ne shaqlım bekkem turmıslıq tiykarg'a iye ekenin ayrıqsha itibarlıdur[13].

«Avesto»da du'nyanın' tutaslıg'ı ha'm bir pu'tinligi, insan o'mirinin' ta'biyat penen uyg'ınlıg'ı ma'selesi adamnın' ruwxıy du'nyasına tıg'ız baylanısqan halda ko'rsetilgeni ko'p na'rseni an'latadı. Bul halat insannın' ruwxıy du'nyasın qa'liplestiriwde qorshag'an ortaliqtin' a'yyemgi zamanlardan berli qanday ku'shli ta'sir o'tkerip kelgenligine ja'ne bir ret itibarımızdı tartadı.

## 1.2. Ana Watan tariyxina jan'asha ko'z-qarasti qa'liplestiriw haqqinda

O'zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimovtın' «Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q» ja'ne «Joqarı ma'na'wiyat – jen'ilmes ku'sh» miynetlerindegi ana Watan

---

[13] Masharipov A. Xorazm tarixidan saxifalar. Toshkent: O'zbekiston, 1994. 23 bet

tariyxına jan’asha ko’z-qarastı qa’liplestiriw haqqında pikirlerinen kelip shıg’ıp, tariyx pa’ni aldında turg’an tiykarg’ı wazıypalar to’mendegilerden ibarat dep esaplaymız:

Birinshiden, qa’niyge kadrlarg’a teren’ milliy ha’m ulıwma insanıy, tariyxıy, ideyalıq, siyasiy, ilimiy-teoriyalıq du’nyag’a ko’z-qarastı sin’diriw, usı maqset jolında tariyx ilimin ken’ u’yretiw za’ru’r.

Ekinshiden, insanda milliy oy-pikir, maqtanısh ha’m o’zlikti, milliy hu’jdan ha’m ulıwma insanıy barkamollikti ta’rbiyalaw.

U’shinshiden, watanpa’rwarlıq ha’m a’skeriy erlikti, Watang’a sadıqlıqtı ta’rbiyalaw.

To’rtinshiden, milliy ha’m tariyxıy qa’driyatlarni asırap-abaylaw ruwxın sin’diriw, olarda joqarı psixologiyalıq pazıyletlerdi ta’rbiyalaw.

Beshinshiden, Watan ha’m xalıq, millet, ata-ana, perzent, ta’biyat ha’m ja’miyet aldındag’ı muqaddes burıshların teren’ seziw ha’m olarg’a sadıq ruwxda ta’rbiyalaw.

2003-jılı baspadan shıqqan «Qaraqalpaqstannın’ jan’a tariyxı. Qaraqalpaqstan XIX a’sirdin’ ekinshi yarımınan XXI a’sirge shekem» fundamental miynetinde Prezidentimizdin’ tariyx ilimi aldına qoyg’an wazıypalarınan kelip shıg’ıp, Qaraqalpaqstan tariyxının’ zamanago’y ma’selelerine to’mendegiler kirgizgen: Xalqımız tariyxının’ a’yyemgi ha’m orta a’sirlik da’wirin u’yreniwde bul xalıqtın’ a’yyemgi xalıq ekenligin, jer ju’zilik ma’deniyattag’ı ornı, ha’zirgi Orta Aziya ha’m Qazaqstan xalıqları menen a’yyemgi zamannan kiyatırg’an tuwısqanlıq birligi, tu’bi bir tu’rkiy xalıqlar ekenligi sanamızg’a enip ketiwi tiyis.

Qaraqalpaqlardın’ etnogenezi, qaraqalpaq atamasının’ kelip shıg’ıwı, ma’mleketshiliktin’ qa’liplesiwi ma’selesinde ilimpazlar ha’r qıylı pikirlerge iye ekenligi sır emes. Tu’rkiyalı alım Ziya Kurter qaraqalpaqlardın’ tariyxı tuwralı kitabında qaraqalpaqlar mong’ollar jawlap almastan burın, yag’nıy X-XI a’sirlerde xalıq bolıp qa’liplesken, V-VI a’sirlerde ma’mleketligine iye bolg’an degen mag’lıwmatlardı ken’ jurtshılıqqa ja’riya etti. Bul jan’a mag’lıwmatlar qaraqalpaqlar Oraylıq Aziyanın’ en’ a’yyemgi xalıqlarının’ biri ekenligin,

ma'mleketshilik tariyxının', ruwxıy ha'm tariyxıy miyraslarımızdın' erte da'wirge barıp taqalatug'ının ko'rsetedi[14].

Qaraqalpaqlar ko'shpeli emes, al yarım otırıqshı xalıq bolg'an. Qaraqalpaqlardın' ko'ship qonıslasıwı tiykarınan suwg'arıp diyxanshılıq etiw jag'daylarına ha'm jawgershilikke baylanıslı bolg'an. Bunı ata-babalarımız jasag'an jerlerdegi elege shekem saqlang'an tariyxıy estelikler da'lilleydi.

Tariyxıy a'debiyatlarda Qaraqalpaqstanda 1917-jılg'a shekemgi xalıq g'alaba sawatsız bolg'an, tek 0,2 payızı g'ana sawatlı edi dep jazılg'an. Shımbay, Qon'ırat, Xojeli, Shabbaz ha'm basqa da qalalarda jas o'spirimler eski mekteplerde oqıg'an, hazirgi mag'lıwmatlarg'a qarag'anda 10-15 payız sawatlı bolg'an. Demek, bilimlendiriw tarawında jan'a izertlewler za'ru'r. A'yyemgi zamanlardan berli ata-babalarımızdan miyras bolıp kiyatırg'an en' a'jayıp milliy bayramlarımız, u'rp-a'detlerimiz, da'stu'rlerimiz jog'alıp ketti.

«A'lbette, ha'r qanday xalıq ya'ki millettin' ma'nawiyatın, onın' tariyxı, o'zine ta'n u'rp-a'det ha'm da'stu'rleri, turmıslıq qa'diriyatlarınan ayırıp ko'z aldımızg'a keltirip bolmaydı. Bunda ruwxıy miyras, ma'deniy baylıqlar, a'yyemgi tariyxıy estelikler en' a'hmiyetli faktorlardan biri bolıp xızmet etetug'ınlıg'ı ta'biyiy»[15] dep atap o'tken edi Prezidentimiz İ.A.Karimov «Joqarı ma'na'wiyat — jen'ilmes ku'sh» miynetinde.

Tariyx esteligi, xalıqtın', u'lkenin' ma'mleket o'tmishin qalıs ha'm haqıyqıy tariyxın tiklew, milliy o'zlikti an'law, milliy da'stu'rlerdi an'law ha'm o'siriw barısında og'ada a'hmiyetli orındı tutadı. «Sonlıqtan da, - dep ko'rsetti Prezident İ.A. Karimov - Bizin' Watanımızdın' tariyxın ha'm ma'deniyatın, onın' geografiyasın ha'm ekonomikasın, a'yyemgi u'rp-a'detleri ha'm da'stu'rlerin ha'r ta'repleme u'yreniw ku'ta' a'hmiyetli boladı. Barlıq bilimlendiriw-ta'rbiyalaw tarmaqlarında balalar baqshalarınan baslap joqarg'ı oqıw orınlarına deyin - usı

[14] Kamalov S.K. Qaraqalpaqlardin' xaliq bolip qa'liplesiwi ha'm onin' ma'mleketligi tariyxinan. No'kis 2001. 16-bet.
[15] Karimov I.A. Joqari ma'na'wiyat – jen'ilmes ku'sh. Tashkent, 2008. 3 bet

pa’nlerge ha’m ilimlerge, oqıtıw ma’seleleri a’hmiyetlik siyasiy wazıypa sıpatında qatnas jasaw za’ru’r»[16].

Prezidentimiz İ.A.Karimov «Tarixiy xotirasiz kelajak yo’q» kitabında «bizin’ a’yyemgi ha’m go’zzal diyarımız tek g’ana Shıg’ıs emes, al, ja’ha’n tsivilizatsiyası besiklerinin’ biri bolg’anın xalıq aralıq ja’miyetshilik ta’n almaqta ha’m atap o’tpekte» dep tariyx penen qızıg’ıwshılıg’ın atap o’tti.

Bul teberik topıraqtan ne-ne ullı insanlar, alım-ulamalar, siyasatshı ha’m sa’rkardalar jetisip shıqqanı, ulıwma insaniyat tsivilizatsiyası ha’m ma’deniyatının’ ajıralmas bo’legine aylanıp ketken du’nyalıq ha’m diniy ilimlerdin’, a’sirese, islam dini menen baylanıslı bilimlerdin’ tariyxtan en’ joqarg’ı basqıshqa ko’teriliwinde ana jurtımızda tuwılıp ka’malg’a kelgen ullı danıshpanlardın’ xızmetlerinin’ ten’i joq ekenligi bizge u’lken maqtanısh ha’m ma’rtebe bag’ıshlaydı.

Bul a’yyemgi topıraqta bizin’ eramızg’a shekemgi bolg’an da’wirde ha’m onnan keyin qurılg’an quramalı suw jolları, elege deyin o’zinin’ ko’rik-sawlatın saqlap kiyatırg’an esteliklerimiz, a’yyem-a’yyemnen u’lkemizdegi diyqanshılıq ha’m o’nermentshilik ma’deniyatı, arxitekturalıq ha’m qala qurıw iskusstvosı joqarı da’rejede rawajlang’anınan da’rek beredi. Ma’mleketimiz aymag’ında bar bolg’an to’rt mın’nan zıyat materiallıq ruwxıy estelikler ulıwma ja’ha’n miyrasının’ taptırmas u’lgisi sıpatında YUNESKO dizimine kirgizilgeni de bul pikirdi tastıyıqlaydı.

Babalarımız oy-pikiri ha’m ullılıg’ı menen jaratılg’an en’ a’yyemgi tas jazıw ha’m bitikler, xalıq awız-eki a’debiyatının’ u’lgilerinen baslap, bu’gingi ku’ni kitapxanalarımız g’a’ziynesinde saqlanıp atırg’an mın’lap qol jazbalar, olarda ja’mlesken tariyx, a’debiyat, saniyat, siyasat, a’dep-ikramlılıq, filosofiya, meditsina, matematika, mineralogiya, ximiya, astronomiya, arxitektura, diyqanshılıq ha’m basqa tarawlarg’a tiyisli biybaha shıg’armalar bizin’ ullı ruwxıy baylıg’ımız bolıp tabıladı. Bunday u’lken miyrasqa iye bolg’an xalıq du’nyada kemnen-kem tabıladı. Ata-babalarımızdın’ a’sirler dawamında toplag’an turmıslıq ta’jiriybesi, diniy, a’dep-ikramlılıq, ilimiy, a’debiy ko’z qarasların

[16] Karimov I.A. O’zbekistan XXI a’sir bosag’asinda. No’kis, 1998. 4 bet.

sa’wlelendiretug’ın bunday tariyxıy estelikler arasında bunnan derlik u’sh mın’ jıl burın Xorezm oazisi aymag’ında jaratılg’an «Avesto» dep atalg’an biybaha ruwxıy estelik ayrıqsha orın tutadı. En’ da’slep, sonı aytıwımız tiyis, alıs ata-babalarımızdın’ aqıl-za’kawatı, ju’rek mehrinin’ zu’ra’a’ti bolg’an bul tabılmas esteliktin’ zaman boranlarınan, qanshadan-qansha awır sınaqlardan o’tip, bizin’ da’wirimizge deyin jetip kelgeninin’ o’zinde u’lken mazmun ja’mlengen. Bunday o’lmes estelikler bul a’yyemgi u’lkede, bu’gin biz jasap turg’an topıraqta a’zelden ullı ma’deniyat bar ekenliginen gu’walıq beredi.

A’ne usınday tariyxıy esteliklerdin’ u’lgileri menen jaqınnan tanısar ekenbiz, olarda sa’wlelengen teren’ pikir ha’m ideyalar, o’mir filosofiyası bizdi bu’ginde tan’ qaldırıwına ja’ne bir ma’rte a’miyn bolamız.

Mısal ushın, «Avesto»nın’ tu’pkilikli mazmun-ma’nisin belgilep beretug’ın «İygilikli pikir, iygilikli so’z, iygilikli a’meliy is» degen printsipti alatug’ın bolsaq, onda ha’zirgi zaman ushında sheksiz ibratlı bolg’an sabaqlar barlıg’ın ko’riwimiz mu’mkin. Usınday pikirler, yag’nıy iygilikli niyet, so’z ha’m is birligin ja’miyet turmısının’ birlemshi ideyası sıpatında alg’a su’riw bizin’ bu’gingi ruwxıy ideyalarımız benen qanshama tıg’ız baylanıslı, ne shaqlım bekkem turmıslıq tiykarg’a iye ekenin ayrıqsha itibarlıdur.

Milliy ideologiya o’tmish ha’m keleshek arasındag’ı ko’pir xızmetin atqarmaqta. Tariyxtı bilmey turıp, ideologiyanın’ filosofiyalıq negizlerin an’lap bolmaydı. İnsannın’ o’zligin an’lawı tariyxtı biliwden baslanadı. Ullı ag’artıwshı M. Behbudiydin’ pikirinshe: «Ka’mil ha’m a’dalatlı insan bolıw ushın, a’lbette, tariyxtı biliw kerek, hesh bir bilim tariyx ilimisiz ka’mil bolmaydı».[17]

Milliy ideologiya xalqımızdın’ ko’p a’sirlik muqaddes qa’driyatlarınan, u’rp-a’det da’stu’rlerinen azıq aladı. Folklorlıq do’retpeler, naqıl-maqallar, qaharmanlıq da’stanlar, aytıslar ha’r bir insannın’ du’nyag’a ko’z qarasın qa’liplestiriwde, oy pikirin ken’eytiwde, ruwxıy jetilisiwinde a’jayıp g’a’ziyne bolıp tabıladı. Anamızdın’ aytqan ha’yyiwleri, ertekler, jan’ıltpashlar, naqıl-maqallar, «Alpamıs», «Qırqqız», «Sha’ryar», «Bozug’lan», «Erziywar», «Edige»

[17] Jadidshilik: islohot, yangilanish, mustaqillik va taraqqiyot uchun kurash. Tashkent, 1999,.46 bet.

sıyaqlı da’stanlar bizin’ qa’lbimizde balalıq payıtımızdan baslap Ana-watang’a muhabbat, elge sadıqlıq, ata-anag’a hu’rmet, shan’araqtı qa’dirlew sezimlerin ha’m a’dep-ikramlıqtın’ en’ ag’la pazıyletlerin qa’liplestiriwge xızmet etip kelmekte[18].

Milliy ideologiyada ka’mil insandı qa’liplestiriw tiykarg’ı ideyalardın’ biri bolıp tabıladı. İnsannın’ ka’millike jetiwinde tariyxıy miyraslardın’ ornı ayrıqsha. Ruwxıy ha’m tariyxıy miyrasımız bolg’an «Avesto» jaqsılıq jolına qa’dem qoyg’an adamlar mudamı u’sh printsipke, yag’nıy niyetinin’ du’ziwligi, so’z ha’m sha’rtlerdin’ pu’tinligi, adamlardın’ insanıylıg’ına tiykarlanıwı kerek, dep ta’lim beredi. Bular ja’miyet ha’m insan ushın en’ za’ru’r qa’driyatlar. Bul haqqında «Avesto» da: «Men jaqsı pikir, jaqsı so’zlerdi ha’m jaqsı is ha’reketlerdi jaqtıraman. Men Mazda nızamlarına tiykarlang’an na’sihatlardı ulıg’layman» dep ko’rsetiledi. Sonın’ menen birge «Avesto» da ulıwma insanıy qa’driyatlar joqarı da’rejede qa’dirlenedi. Adamlardı pa’k, hu’jdanlı bolıw, bir birine mehir aqıbetli ha’m sadıq bolıw, tek jaqsılıqtı ra’wa ko’riw, sawda isbilermenlik islerinde aldamaw, qıyanet etpew, qarızlardı o’z waqtında to’lew, hadal miynet etiw sıyaqlı joqarı ideyalar alg’a qoyıladı. Usılarg’a a’mel etiw iymanlılıq a’lamatı, dep ko’rsetiledi. «Avesto» da adamlardın’ ruwxıy du’nyasının’ ka’malatı, materiallıq pa’rawanlıq tiykarı dep uqtırıladı.

«Avestonın’ «Yasht» bo’limindegi Asha gimninde ko’terilgen to’mendegi qatarlar bug’an gu’walıq beredi: «O’zimdi pu’tkil jaqsı niyet, jaqsı so’z ha’m jaqsı is-ha’reketlerge bag’ıshlayman, barlıq qayg’ılı oy, jaman so’z, jaman islerden bas tartaman». Bul teren’ filosofiyalıq ma’niske iye na’siyhatlar ha’zir de a’hmiyetin joyıtqan emes.

Tariyx sanalı pikirlewge ha’m sezgirlikke u’yretedi. «Avesto»da «Axuramazda adamdı janlı, sanalı, o’zin-o’zi an’lawshı etip jaratqan», dep ko’rsetiledi. Ko’pshilik adamlar o’zin an’lamag’an jag’dayda jasaydı. Adam o’zin-o’zi jan’alamasa ma’mleket rawajlanbaydı. İnsannın’ o’zin-o’zi jan’alawı ruwxıy jetilisiw arqalı a’melge asadı. Ruwxıy jetilisken insannın’ pikirlewi, so’zi ha’m is

---

[18] Seytimbetov M. Tariyx — o’zligimizdi an’lawdın’ negizi. No’kis, 1999. -6 bet.

ha'reketi bir boladı. Awzımızdan shıqqan ha'r bir so'zdin' qu'diretli ku'shke iye ekenligin an'lap jetiwimiz za'ru'r. Berdaq babamız:

Teren' aqıl kerek so'zdi dizbege,
Tınıq qıyal kerek ba'rin sezbege,-

dep biykarg'a aytqan emes. Bunın' to'rkininde teren' ma'ni ha'm o'mir filosofiyası jatır.

Tariyx millettin' ta'rbiyashısına aylanıp barmaqta. Pu'tkil du'nyanın' dıqqat itibarın o'zine qaratqan bay ruwxıy ha'm ma'deniy miyrasımız eki qu'diretli tolqın - du'nyalıq ilimler ha'm diniy-filosofiyalıq pikirler o'z-ara ja'mlesip, bir qa'diriyat sıpatında qa'liplesti. Qurani karim ha'm ha'disler insandı a'dep-ikramlıqqa, sabırlılıqqa, mu'layımlıqqa, saqıy-saqawatlılıqqa, ilimli ha'm bilimli bolıwg'a shaqırg'an. Ha'dislerde: «İlimdi iyelew ha'r bir mu'slim ha'm mu'slima ushın parızdur», «Besikten qa'birge kirgenge shekem ilim izlen'iz» dep insan qa'lbinin' nurı ilim menen ku'shli ekenligi atap o'tiledi. İmam al- Buxariy, Najmaddin Kubro, Xoja Axmed Yassawiy, Baxawaddin Naqshbandiy ta'liymatları insandı qaran'g'ılıqtan jaqtılıq basqıshlarına bag'darlag'an, onın' qa'lbine jaqsılıq ha'm a'dep nurın shashqan, iyman, insap, a'dalat, hu'jdan ha'miri menen jasawdı, insan su'yiwshilikti, ken' peyillikti, miyrimlilikti, keshirimli bolıwdı na'siyat etken.

Milliy ideologiyada bas ideya «Azat ha'm abat watan, erkin ha'm abadan turmıs» qurıw ekenligi ha'mmege ayan. Demek, biz jasap turg'an watannın' azatlıg'ı, el jurt tınıshlıg'ı ideyasın ha'r jas a'wladtın' sanasına ha'm qa'lbine sin'diriw ja'miyetlik ha'm sotsial gumanitar pa'nler qatarında tariyx pa'ni aldında turg'an a'hmiyetli wazıypalardın' biri bolıp tabıladı[19].

Tariyx – bul adamzat o'mirinin' aynası, o'tmishi menen keleshegi, bılayınsha qarag'anda ha'r adam balasının' basqan izinin' bag'darı dep tu'siniw mu'mkin. Tariyx - bul mug'allim, tariyx - bul ta'rbiyashı, tariyx - bul milliy ideologiya deregi, tariyx - bul da'stan. «Tariyxtı umıtqan xalıq, ja'miyet o'z jolın jog'altadı. Bunday xalıq ha'm ja'miyettin' keleshegi joq»[20].

---

[19] Seytimbetov M. Tariyx — o'zligimizdi an'lawdın' negizi. No'kis, 1999. – 9 bet.
[20] Karimov I.A. Ona yurtimiz baxtu iqboli va buyuk kelajagi yo'lida xizmat qilish- eng oliy saodatdir. –Toshkent: O'zbekiston, 2015. 107-bet.

Belgili grek danıshpanlarının’ biri: «Ha’riptin’ bası a’lip, onnan keyin – tariyx. En’ da’slep so’z u’yren, ol seni pu’tkil du’nya menen baylanıstıradı. Onnan keyin tariyxtı u’yren. Ol sag’an kim jaqsı, kim jaman, kim haq, kim nahaq ekenligin tanıstıradı» - dep jazg’an eken.

Tariyx - bul adamzattın’ qarım-qatnaslarının’ tu’p to’rkinleri g’ana emes, ba’lki neshshe million jıllıq adamzat o’mirinin’ ta’jiriybeleri. Sol ta’jiriybelerdi aqıl ta’rezimizge salıp tolıq an’lag’an jag’daylarda g’ana biz hesh qanday adaspaytug’ın tuwrı joldı tan’lap alg’an bolamız.

O’ytkeni ata-babalardın’ ta’jiriybelerinen uzaqta qalg’an adam ha’mme waqıt adasadı. Olar bul joldın’ basında, ortasında basıp o’tip, bizlerge o’rnek bolarlıqtay ta’jiriybe qaldırg’an. Sonın’ ushında o’tmishtegi tariyxımızdı u’yreniwimiz kerek.

Tariyx – tek ta’jiriybe g’ana emes, sonın’ menen birlikte adamlardı ruwxlandırıwshı ku’sh.

## 2-bap. Prezident İ.A.Karimov tariyx, arxeologiya, etnografiya ilimlerinin' zamanago'y mashqalaları haqqında

### 2.1. O'zbekistan xaliqlarinin' a'yyemgi o'tmishi haqqinda

Prezident İ.A.Karimov tariyxshılar menen ushırasqan payıtında «shımshıq soysa da qassap soysın» degen danalıq so'z bar. Men tariyxshı emespen. Bul temada aqıl beriw pikirinen ju'da' awlaqpan. Lekin ta'biyiy bir sawal tuwiladı: ma'mleketshilik tariyxımız burılıs da'wirine kelgen bir payıtta o'zimizdin' zaman ha'm aymaqtag'ı ornımızdı anıq belgilep alıwımız, kimligimizdi biliwimiz kerek pe yamasa joq pa? Yag'nıy, jurtımızda pida'kerlik miynet qılıp atırg'an hu'rmetli akademikler, alımlar, baspa xızmetkerleri, a'wele tariyxshılar birlesip, mine usı sawallarg'a juwap tabıwı kerek pe – joq pa?»[21].

Prezidentimizdin' «kimligimizdi biliwimiz kerek pe?» degen pikiri a'sirese a'yyemgi adamlar ma'kanları boyınsha ilimiy-izertlew jumısların janlandırıp jiberdi. Oraylıq Aziyadag'ı, sonın' ishinde O'zbekistandag'ı son'g'ı yarım a'sir dawamındag'ı paleolit tarawındag'ı a'melge asırılg'an a'jayıp ashılıwlar en' a'yyemgi adamlardın' u'lkemizde payda bolıwı ha'm tarqalıwı haqqındag'ı bizin' tu'sinigimizdi a'dewir o'zgertirdi. Ha'zirgi waqıtta Orta Aziyada paleolit da'wiri menen sa'nelenetug'ın 200 den aslam u'n'girler, ashıq tu'rdegi qatlamlı ma'kan jaylar ha'm ma'deniy qatlamsız qonıslar belgili. Bul ashılıwlar na'tiyjesinde O'zbekistandag'ı alg'ashqı ja'miyet da'wirinin' xronologiyalıq shegaraları aytarlıqtay ken'eydi, en' a'yyemgi adamlardın' Orta Aziya aymag'ına tarqalıw jolları haqqındag'ı mashqalalar belgili da'rejede ilimiy sheshimin taptı.

Orta Aziya aymag'ının' en' a'yyemgi adamlar ta'repinen o'zlestiriliwi materiklik muzlıqlarg'a baylanıslı u'lken ıqlımlıq o'zgerisler waqtında keshedi. Bul og'ada qıyın ha'm uzaq protsess bolıp, onda ta'biyiy orta og'ada u'lken rol oynag'an.

Antropogen da'wirinde Orta Aziya tawlarının' absolyut biyikligi ha'zirgi zamang'ıg'a jaqın bolg'an. Ha'zirgi da'ryalar, sho'l ha'm sahralar qa'liplesken, usı

[21] Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q. Toshkent: Sharq, 1998. 5 bet.

sha’rayatqa beyimlesken haywanat ha’m o’simlikler du’nyası qarar tapqan, biraq muzlıqlar ha’m olardın’ qaytıp turıwına baylanıslı ıqlım waqtı-waqtı o’zgerip turg’an. İlimpazlardın’ pikirleri boyınsha to’rtlik da’wirde Orta Aziya tawlarında keminde altı muz basıw ha’m qaytıw da’wirleri bolg’an. En’ son’g’ı izertlewler muzlıqlardın’ ortasha biyiklikke iye Tu’rkmenstan ha’m İran tawlarında ha’m payda bolg’anlıg’ın ko’rsetedi. Yag’nıy en’ a’yyemgi adamlardın’ Orta Aziya ta’repke jıljıwı ushın en’ qolaylı waqıt muz aralıq da’wirler bolg’an, al en’ qolaylı o’tiw jolları wazıypasın Kaspiy ha’m Gindukush aralıg’ı orınlag’an bolıwı kerek.

Arxeologiyalıq mag’lıwmatlar paleolit adamlarının’ Orta Aziyag’a erte ashel da’wirinde kirip kele baslag’an dep aytıwg’a mu’mkinshilik beredi. Bul jerdegi en’ erte tabılmalar tiykarınan 700-800 mın’ jıl ilgeri waqıtqa tuwra keledi. (Ta’jikistandag’ı Kuldara, Qubla Qazaqstandag’ı Arıstandı, Shaqpaqata, Tu’rkmenstandag’ı Qara-qala). Ferg’ana oypatlıg’ındadag’ı Selu’ngirde alıp barılg’an son’g’ı izertlewler boyınsha onın’ to’mengi qatlamların million jıl menen sa’nelew mu’mkin. Angren qalası janındag’ı ma’deniy qatlamlarının’ sanı boyınsha (41 qatlam) ten’i joq ayrıqsha estelik - Ko’lbulaqtın’ to’mengi u’sh qatlamı erte ashelge tiyisli.

Solay etip, ha’zirgi ku’nde a’yyemgi adamlar Orta Aziyag’a, sonın’ ishinde O’zbekistang’a bunnan 1 million jıl - 730 mın’ jıllar aralıg’ında payda bola basladı dep tastıyıqlaw mu’mkin. Bul Evropanın’, Jaqın Shıg’ıstın’ ha’m Qıtaydın’ en’ erte estelikleri waqıtı menen derlik ten’ degen so’z.

Muzaralıq da’wirler sha’rayatı adamlardın’ Orta Aziya bag’ıtında jıljıwına mu’mkinshilik bergen. Arxeologiyalıq derekler a’yyemgi adamlardın’ bul u’lkege kirip keliwinin’ ha’r tu’rli “da’rwazaları” bolg’anlıg’ı haqqındag’ı ilimiy pikirlerdin’ payda bolıwına alıp keldi. Adamlar Kopetdag’ jolı, U’stirt-Mang’ıshlaq da’rwazası ha’m Hindistan-Pakistan jolı arqalı tarqalg’an bolıwı mu’mkin. İlimpazlardın’ shamalawı boyınsha birinshi jol arqalı (Kopetdag’) ashel-levallua (plastinalardan jasalg’an miynet quralları) ma’deniyatı tarqalg’an. Ekinshi jol ashel-muste (bifas quralları) ma’deniyatının’ tarqalıw jo’nelisin ko’rsetedi. U’shinshi jol arqalı shopper ha’m shopping ma’deniyatı kirip kelgen bolıwı

mu'mkin. "Tariyx esteligi, xalıqtın', janajan u'lkenin', ma'mleket o'tmishinin' qalıs ha'm haqıyqıy tariyxın tiklew, dep atap ko'rsetedi O'zbekistan Respublikası Prezidenti İ. A. Karimov, - milliy o'zligimizdi an'lawdı, milliy da'stu'rlerimizdi tiklew ha'm o'siriw barısında og'ada a'hmiyetli orındı tutadı".[22]

Tariyxshı alımlarımızdın' ku'sh-g'ayratları menen tariyxımızdın' ko'plegen og'ada a'hmiyetli betleri jan'adan ashıldı, o'tmishimizdi "an'law" wazıypaları ulıwma alg'anda juwmaqlandı.

Prezidentimiz İ.A.Karimov «Men akademik Yahyo G'ulomovtı jaqsı biler edim. Ol g'a'rezsiz pikirge iye bolg'an, kerek bolsa, en' joqarı lawazım iyesine jaqpaytug'ın tuwrı ga'pti batıl ayta alatug'ın alım edi. Tariyxshılar jaqsı biledi, a'dette to'belikler astında tariyxıy estelikler, pu'tkil bir qala jasırıng'an boladı. Sovet da'wirinde jaylar u'stinde g'ana paxta egilmey qalg'an bir payıtta mine sonday tariyxıy to'beliklerdi de tegislep paxta dalasına aylandırıw siyasatı ha'wij alg'anda bug'an qarsı shıqqan alım Yahyo G'ulomov bolg'anın men jaqsı esleymen. Bul pazıyleti sebepli onın' ja'bir ko'rgenin de esitkenmen. Lekin a'dalattı ha'mme na'rseden u'stin qoyg'an watanpa'rwar alım sonday boladı. A'ne usınday adamlar turmısı bizge ibarat mektebi bolıwı lazım»[23].

O'zbekistan xalıqları a'yyemgi tariyxının' bilimdanı, ataqlı arxeolog, belgili tariyxshi, shıg'ıstanıwshı, akademik Yahyo G'ulomov 1908 – jılı 1-mayda Tashkent qalası Shayxontohur ma'kanı Oqmasjid mahallasında medrese mudarrisi shan'arag'ında du'nyag'a keldi. Ya. G'ulomovtın' 1917–1923 jıllardag'ı balalıq ha'm jas o'spirimlik da'wirleri arnawlı orta mektep – internatta ta'lim alıw menen o'tedi.

Ya.G'ulomov Samarqand O'zbek ma'mleketlik pedogogika akademiyasının' sotsial ha'm ekonomika bo'liminde ta'lim aladı. Bul joqarı oqıw ornında ustazları Po'lat Solievning «Orta Aziya tariyxı» boyınsha lektsiyaları, V.L.Vyatkinnin' «Musılman Shıg'ısı tariyxı» kursi boyınsha o'tken sabaqları

---

[22] Karimov I.A. O'zbekistan XXI a'sir bosag'asinda: qa'wipsizlikke qa'wip, turaqliliq sha'rtleri ha'm rawajlaniw kepillikleri. No'kis: Qaraqalpaqstan, 1998. 136 - bet

[23] Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q. Toshkent: "Sharq", 1998. 27-28 betler

na'tiyjesinde a'yyemgi tariyxqa, qol jazbalarg'a, a'sirese arxeologiyag'a bolg'an qızıg'ıwı ja'ne de artadı.

Shıg'ıs ma'mleketleri tariyxınan ma'lim, insaniyat rawajlanıwında jasalma suwg'arıw imaratlarına tiykarlang'an diyqanshılıq u'lken a'hmiyetke iye bolg'an Ya.G'ulomov Xorezm oazisindegi a'yyemgi diyxanshılıq ha'm jasalma suwg'arıw tarawların, onın' rawajlanıw basqıshların u'yreniwge kirisedi. Ko'p jıllıq ekspeditsiyalar, ilimiy izleniwler, etnografiyalıq mag'lıwmatlar, a'yyemgi qol jazbalar analizi tiykarında Ya.G'ulomov 1950 jılı «Xorezmnin' suwg'arıw tariyxı, a'yyemgi zamanlardan ha'zirgi da'wirge shekem» temasında tariyx ilimlerinin' doktori ilimiy da'rejesin qorg'aydı. Ya.G'ulomovtın' doktorlıq dissertatsiyası negizinde ju'zege kelgen «Xorazmning sug'orilish tarixi, qadim davrlardan hozirgacha» atamasındag'ı monografiya da'slep 1957-jılı rus tilinde, son'ınan 1959 – jılı o'zbek tilinde baspadan shıg'adı[24]. 1966-jılı Ya.G'ulomov O'zbekstan İlimler Akademiyasının' akademigi bolıp saylanadı.

Ya.G'ulomovtın' ilimiy iskerligi ko'p qırlı bolıp, onın' dıqqat orayında O'zbekistan tariyxı ha'm materiallıq ma'deniyatı u'sh jo'nelisli mashqalaları turar edi. Bular – O'zbekistannın' a'yyemgi zamanlardan ha'zirgi ku'nlerge shekemgi suwg'arılıw tariyxı; O'zbekistannın' urıwlıq-ja'ma'a'tlik du'zimi tariyxı; Orta Aziyanın' 1917-jılg'a shekemgi tariyxı.

Akademik Ya.G'ulomov pu'tkil o'miri ha'm ilimiy iskerligi dawamında xalqımızdın' materiallıq ha'm ruwxıy ma'deniyatına tiyisli dereklerdi izertledi, olardı xalıq mu'lkine aylandırdı, bunday muqaddes miyraslardı asırap-abaylaw ha'm keleshek a'wladqa jetkeriw jumıslarının' basında boldı[25].

1950 – 70 jılları respublikada tariyxshı ha'm arxeologlardın' o'zine ta'n «G'ulomov mektebi» du'nyag'a keldi. Akademik Ya.G'ulomov basshılıg'ında 30 dan artıq ilim kandidatları ha'm doktorları jetisip shıqtı. Sonın' ushın da ha'zirgi

---

[24] G'ulomov Ya.G.Xorazmning sug'orilish tarixi. Qadim davrlardan hozirgacha. Toshkent,1959.

[25] Muhammedjanov A.R.Yahyo G'ulomov ilmiy faoliyatining asosiy yo'nalishlari/O'zbekistonda ijtimoiy fanlar.1998.-№4-5..3-9 bet

ku’nde haqlı ra’wishte O’zbekistan Respublikası İlimler Akademiyası Arxeologiya institutı ullı alım Ya.G’ulomov ismi menen ataladı[26].

Prezidentimizdin’ belgili arxeolog Ya.G’ulomov iskerligine bag’ıshlang’an pikirler tariyxshılardın’ qaraqalpaq xalqının’ o’tmishin izertlewdegi qosqan u’lesin belgilew ha’m olardın’ ornın ko’rsetiw ilimiy izertlewlerdin’ qalıslıg’ın ha’m hadal a’melge asırıwında og’ada u’lken a’hmiyetke iye. Sebebi, kommunistlik ideologiya shen’berinde jasap ha’m miynetler jazg’an tariyxshılardın’ shıg’armalarınan waz keshiw - o’z tariyxıy o’tmishimizden waz keshiw degen ga’p emes. Kerisinshe olardın’ tariyx ilimine qosqan u’lesin izertlew, olar izlep tapqan dereklerdin’ bahalılıg’ın ko’rsetiw qalıs izertlewdin’ tiykarg’ı belgisi boladı.

O’zbekistan Respublikası ma’deniy miyras obektlerine Oraylıq Aziyada en’ bay ma’mleket. Bu’gingi ku’ni O’zbekistan Respublikasının’ Buxara, Samarqand, Xiywa, Tashkent, Termiz, Shaxrisabz sıyaqlı onlap qalaları ishki ha’m shet ellik turizm oraylarına aylang’an qalalar. O’zbekistannın’ usınday a’yyemgi ha’m orta a’sirlerge tiyisli en’ ko’p ma’deniy miyras obektleri jaylasqan aymaqlarının’ birine Qaraqalpaqstan Respublikası jatadı. Sonın’ ushında u’lkemizdi ayrım waqıtları ullı eki da’rya aralıg’ında jaylasqan Orta Aziyanın’ Egipeti dep te ataydı.

A’miwda’ryanın’ to’mengi eki boyında jaylasqan arxeologiyalıq esteliklerdi da’slepki izertlew jumısları 1928-1929 jıllarda Sankt Peterburg universiteti professorı, tariyx ilimlerinin’ doktorı A.Yu.Yakubovskiydin’ Qaraqalpaqstang’a keliwi menen baylanıslı. Ol O’zbekistan ha’m Tu’rkmenstan Respublikalarının’ arxeologiyalıq ha’m arxitekturalıq esteliklerin izertlew menen qatar Xojeli qalasının’ arxitekturalıq esteliklerinde ko’rgen. A.Yu.Yakubovskiyden keyin otızınshı-qırqınshı jıllarda Qaraqalpaqstanda akademik Ya.G.G’ulomov boladı. Usı da’wirlerde Qaraqalpaqstandag’ı a’yyemgi ha’m orta a’sirlerdegi tariyxıy ha’m ma’deniy estelikler menen qızıqsıng’an alımlardın’ ko’beygenligi ma’lim. Solay bolsa da, sol da’wirlerde u’lkemiz esteliklerin shın ma’nisinde ken’ ha’m ha’r ta’repleme izertlew jumısları professor S.P.Tolstov sho’lkemlestirgen

[26] SHirinov T.SH , Pardaev M.X,Mirzaaxmedov J.K. Akademik Ya.G.G’ulomovning ilmiy ishlari ro’yxati/ O’zbekistonda moddiy madaniyat tarixi 28-kitob. 7-11 bet

ekspeditsiyası ta’repinen alıp barıldı. Bul ekspeditsiya burıng’ı awqamlıq ilimler akademiyasının’ etnografiya institutı qaptalında 1937-jılı professor S.P.Tolstov ta’repinen Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası degen at penen sho’lkemlestiredi. Bul ekspeditsiya zamannın’ talabı menen ha’m ekspeditsiya baslıg’ının’ ustazının’ jolı menen 1945-jıldan baslap Xorezm arxeologo-etnografiyalıq ekspeditsiyası bolıp qayta sho’lkemlesedi. Na’tiyjede tariyxıy ha’m ma’deniy miyraslarımız arxeologiyalıq, etnografiyalıq, antropologiyalıq, tariyxıy bag’darda izertlenedi.

Usı waqıtlarg’a shekem Qaraqalpaqstan tariyxı Xiywa xanlıg’ı da’wirlerinen baslanıp kelinse, S.P.Tolstovtın’ ekspeditsiyası o’z ilimiy jumısların baslag’annan keyin, elimizdin’ tariyxı mın’ jıllap tag’ıda teren’lestirildi.

S.P.Tolstov basshılıq etken Xorezm arxeologo-etnografiyalıq ekspeditsiyasının’ Qubla Aral boylarında, sonın’ ishinde Qaraqalpaqstan aymag’ında uzaq jıllar dawamında o’z jumısın alıp barıwı elimizge ha’r ta’repleme unamlı ta’sir jasadı. Ekspeditsiya ag’zaları u’lkemizdin’ o’tmishtegi tariyxın u’yrendi, elimizdin’ akademiyalıq tariyxı shıg’arıldı. Sonın’ menen birge elimizge sol da’wirlerde ju’da’ za’ru’rli bolg’an kadrlardı, sonın’ ishinde tariyxshı kadrlardı tayarlawda, olardın’ mekteplerinin’ jaratılıwına ku’shli ta’sir jasadı.

Professor S.P.Tolstov basshılıq etken Xorezm arxeologo-etnografiyalıq ekspeditsiyasının’ quramında o’tken a’sirdin’ qırqınshı jıllarinan baslap qaraqalpaq pedagogikalıq institutinin’ tariyx fakulteti studentleri qatnasa basladı. Olardın’ arasınan S.Kamalov, R.Qosbergenov, V.X.Shalekenov, J.U’bbiniyazov sıyaqlı en’ talantlı jaslar usı ekspeditsiyanın’, onın’ basshısı professor S.P.Tolstovtın’ ta’sirinde ilimge aralastı. Na’tiyjede jergilikli jaslardan da’slepki tariyxshı ilimpazlar shıqtı. Mine usı jası u’lken alımlardın’ izi menen bul ekspeditsiya quramında qatnasqan jaslardın’ arasında A.V.Gudkova ha’m V.N.Yagodinlerde bar edi. Olardın’ arxeologiya ilimine degen qızıg’ıwshılıg’ın sezgen S.P.Tolstov A.V.Gudkova ha’m V.N.Yagodinlerdi Moskvag’a aspiranturag’a aldı ha’m olarg’a o’zi ilimiy basshı boldı. Sonın’ aqıbetinde o’tken a’sirdin’ alpısınshı jıllarının’ baslarında A.V.Gudkova ha’m V.N.Yagodinler arxeologiya boyınsha da’slepki ilim kandidatları degen da’reje alıwg’a erisedi.

Olardın’ izin ala professor S.P.Tolstovtın’, akademik Ya.G’.Gulomovtın’ ha’m professor Ginzburgtin’ qollap quwatlawı menen Qaraqalpaqstannan T.K.Xodjayov, M.Ma’mbetullaev, E.Bijanovlar o’zlerinin’ kandidatlıq dissertatsiyaların tabıslı jaqlap shıg’adı. Na’tiyjede ilimnin’ jan’a tarawı bolg’an arxeologiya boyınsha u’lkemizde arxeologiya mektebi qa’liplesiwine tiykar boladı.

Mine sol 60-80-jıllarda qa’liplesip rawajlangan qaraqalpaq arxeologiya ilimi keyingi on jıllıqta xalıq aralıq da’rejege ko’terildi. 1995-jıldan berli «Karakalpakstan-Avstraliya» xalıq aralıq arxeologiyalıq ekspeditsiyası islep turıptı. Frantsiya arxeolog-antropologları menen baylanıslar jolg’a qoyılg’an. Angliya, Frantsiya, Avstraliya sıyaqlı ellerde ilimiy maqalalar, toplamlar basılıp shıqpaqta. Arxeologiyalıq izertlewlerde ilimnin’ jetiskenlikleri, aldıng’ı texnologiya paydalanılmaqta. Arxeologlardın’ jetiskenlikleri İnternetke kirgizilgen. Tariyx, arxeologiya ha’m etnografiya institutı qaptalındag’ı qa’niygelestirilgen Ken’este arxeologiya boyınsha kandidatlıq dissertatsiya jaqlaw mu’mkinshiligi tuwdırılg’an. Barlıg’ınan beter, 2008-jılı qaraqalpaq arxeologı G’ayratdin ag’a Xojaniyazovqa «O’zbekistan Qaharmanı» atag’ının’ beriliwi u’lkedegi arxeologiya mektebi iskerligine u’lken baha bolıp tabıladı.

Ha’zir bolsa tiykarg’ı wazıypa, - elimiz basshısı İ. A. Karimovtın’ so’zleri menen aytqanda,- tariyxıy izertlewlerdi ilimiy tamannan qalıs ha’m hadal a’melge asırıwdan ibarat.[27]

## 2.2. Milliy g’a’rezsizlik ideologiyasi ha’m tariyx ilimi

A’yyemgi tariyxımızdı ko’z aldımızdan o’tkerip, tallaytug’ın bolsaq, a’hmiyetlisi ha’m ibratlı bir pikirdi ta’kirarlap aytıwg’a tuwra keledi. Yag’nıy, ata-babalarımız ruwxıy du’nyasının’ tamırları joqarıda atap o’tilgen ma’nawiyat topırag’ında, tariyxta da, bu’gin de ba’rshenin’ ha’wesin keltiretug’ın a’jayıp pazıyletler tiykarında qa’liplesken.

Milliy tariyxımızdın’ ja’ne bir jarqın juldızı Abu Rayxan Beruniydin’ miynetine haqıyqıy baha berer eken, amerikalı pa’n tariyxshısı Sarton XI a’sirdi

[27] Karimov I.A. O’zbekistan XX1 a’sir bosag’asinda: qa’wipsizlikke qa’wip, turaqliliq sha’rtleri ha’m rawajlaniw kepillikleri. No’kis: Qaraqalpaqstan, 1998. 137 - bet

«Beruniy a’siri» dep ta’riypleydi. Bunday joqarı ha’m haqıyqıy baha en’ da’slep entsiklopediyalıq oy-pikir iyesi bolg’an ullı watanlasımızdın’ ilim pa’n rawajlanıwına qosqan ten’i-tayı joq u’lesi menen bayan etiledi. Usı jerde atap o’tiw orınlı, Beruniy ilimiy  ma’selelerde de, tariyxıy waqıya-qubılıslarg’a, o’z zamanlaslarına baha beriwde de obektiv ha’m tuwrılıq penen pikir ju’ritken. Sol sebepli de ol o’mirde ko’p ja’bir ko’rgen, ha’tte o’mirinin’ son’ında turmıs qıyınshılıqlarına duwshaker bolg’an, biraq ha’rqanday awır sha’rayatqa qaramastan, iseniminen qaytpag’anı, onın’ o’z ruwhıy ideallarına sonshelli sadıq bolg’anınan da’rek beredi.

Keyingi waqıtta ullı babalarımızdın’ o’shpes danalıg’ına hu’rmet, olardın’ bay ilimiy miyrasın u’yreniwge bolg’an qızıg’ıwshılıq sırt ellerde de artıp baratırg’anlıg’ı ba’rshemizdi quwandıradı. Bunın’ tastıyıg’ın du’nyanın’ tu’rli ma’mleketlerinde olardın’ o’miri ha’m isleri haqqında ja’riyalanıp atırg’an ilimiy ha’m ko’rkem do’retpeler, ullı babalarımızdın’ esteligine qurılıp atırg’an eskertkishler mısalında da ko’riwimiz mu’mkin. Usılardın’ qatarında Belgiyada İbn Sinog’a, Litvada Mırza Ulug’bekke, Moskva, Tokio ha’m Baku qalalarında Alisher Nawayı babamızg’a, Egipet paytaxtı Kair qalasında bolsa Ahmed Farg’oniy esteligine ornatılg’an sawlatlı ha’ykellerdi eslew orınlı bolıp tabıladı.

Prezidentimiz İ.A.Karimov o’zinin’ «Tariyxıy eslewsiz keleshek joq» miynetinde ilim-mag’ripet ha’m joqarı ma’nawiyat ma’selerine ken’ toqtaydı. Shınında da, tariyxımızdın’ qaysı da’wirin almayıq, jurtımızda ilim-mag’ripet ha’m joqarı ma’nawiyatqa umtılıw hesh qashan toqtamag’an, xalqımız danalıg’ının’ o’lmes tımsalı sıpatında en’ awır ha’m quramalı da’wirlerde de ayqın ko’rinisin tapqanın ko’riwimiz mu’mkin.

Ma’selen, patsha kolonializmi da’wirinde de mag’ripet ideyasın ba’lent ko’terip shıqqan jadid babalarımızdın’ isleri bug’an ja’ne bir ayqın mısal bola aladı. Mahmudxoja Behbudiy, Munavvarqori, Abdulla Avloniy, İshoqxon İbrat, Abdurauf Fitrat, Abdulla Qodiriy, Abdulhamid Sholpan, Usman Nasır sıyaqlı ju’zlep mag’ripetpa’rwar, pidayı insanlardın’ o’z jeke ma’pleri, ha’zliginen keship,

el-ulıs ma’pleri, jurtımızdı rawajlandırıw maqsetinde a’melge asırg’an iygilikli isleri a’wladlar yadınan heshqashan shıqpaydı.

A’ne usınday ullı babalarımızdın’ ilimiy-do’retiwshilik miyrası ha’m ibratlı jumısları son’ınan diyarımızda Qori Niyaziy ha’m Tashmuhammed Sarimsaqov, Habib Abdullaev ha’m Sadi Sirojiddinov, Obid Sodiqov ha’m Sobir Yunusov, Yahyo G’ulomov ha’m Bo’ribay Ahmedov, Aybek ha’m G’afur G’ulam, Abdulla Qahhar ha’m Zulfiya, Said Ahmad ha’m Azat Sharafiddinov, Lutfixanım Sarimsaqova ha’m Halima Nasırova, Alım Xojaev, Razzaq Hamraev ha’m basqa da ko’plep atları du’nyag’a tanılg’an belgili ilim, a’debiyat ha’m ma’deniyat g’ayratkerlerinin’ jetisip shıg’ıwına bekkem tiykar bolıp xızmet etti.

Tariyxımızda bunday ullı tulg’alardın’ barlıg’ı – o’zine ta’n bir fenomen, yag’nıy og’ada siyrek gezlesetug’ın qubılıs. Bul bu’gingi ku’ngi g’ana emes, ha’zirgi waqıtta erten’gi a’wladlarımızdın’ da ruwhıy baylıg’ına aylanıp, xalqımızg’a hesh na’rseni o’lshep, ten’lestirip bolmaytug’ın ruwxıy ku’sh-quwat ha’m ma’det beriwi anıq ekenligi so’zsiz.

Prezidentimiz İ.A.Karimovtın’ «Tariyxıy eslewsiz keleshek joq» shıg’armasın oqıp otırıp, tariyxımız betleri, jurtımızdın’ rawajlanıwı ha’mme zamanlarda da bir tegis bolmag’anlıg’ınan da’rek bergenligin bilemiz.

A’sirese temuriyler hu’kimdarlıg’ınan son’ – yag’nıy XVII a’sirden XX a’sirdin’ baslarına shekemgi bolg’an da’wirde Tu’rkistan topırag’ı siyasiy bo’liniwshilikke, jawızlıq ha’m artta qalıwshılıqqa duwshar boldı. U’sh xanlıqqa bo’linip ketken aymaq uzaq mu’ddet o’z-ara qarama-qarsılıqlar, urıs-ja’njeller ortasında qalıp ketkeni tek ekonomikalıq finanslıq ha’m a’skeriy potentsial ko’z-qarasınan g’ana emes, al, ba’lki ja’miyetlik – ruwxıy pikirdin’ rawajlanıwında da ko’plep unamsız aqıbetlerdi keltirip shıg’arg’anı ba’rshemizge jaqsı ma’lim.

Tariyx digirsheginin’ aylanıwı menen, en’ da’slep, jurt hu’kimdarları ha’m ha’meldarları xalıqtın’ ta’g’diri ha’m keleshegi haqqında qayg’ırıw ornına, o’zinin’ jeke ma’plerin ha’mme na’rseden u’stin qoyıp, jawızlıq ha’m g’a’pletke berilip ketiw aqıbetinde biz bu’gin jasap atırg’an aymaq ulıwma insaniyat tsivilizatsiya protsesslerinen u’zilip, rawajlanıwdan keskin artta qalıp ketti.

O’z-ara kelispewshilik ha’m urıs-qag’ıslardın’ ku’sheyiwi, tek g’ana o’z qabıg’ına, o’mirin o’tep bolg’an qag’ıydalarg’a oratılıp jasaw na’tiyjesinde bir waqıtları ullı ma’deniyat ha’m rawajlanıw da’wirlerin basınan keshirgen el-jurtımızdın’ bul waqıtqa kelip qanday awır jag’dayg’a tu’sip qalg’anlıg’ın ko’z aldımızg’a keltiretug’ın bolsaq, ko’p na’rse o’z-o’zinen ayan boladı.

Tariyxtın’ quramalı ha’m sheshiwshi burılıs basqıshında ha’rqanday millet ha’m xalıq o’zinin’ awız birshiligin saqlap, o’zinin’ milliy ma’pleri jolında qatan’ tu’rde turmasa, juwapkershilik ha’m sergekligin jog’altatug’ın bolsa, aqır son’ında o’zinin’ en’ u’lken, ten’siz baylıg’ı bolg’an g’a’rezsizligi ha’m azatlıg’ınan ayrılıwına gu’man joq. Tilekke qarsı, a’ne usınday qayg’ılı ta’g’dir Tu’rkistan xalıqların da shetlep o’tpedi: XIX a’sirdegi patsha basqınshılıg’ı ko’p g’ana sebepler menen bir qatarda en’ da’slep usı waqıttag’ı siyasiy o’z basımshalıq, hu’kimdar ku’shlerdin’ uzaqtı ko’re almaslıg’ı, ruwhıy a’zziligi aqıbetinde ju’z bergenligin tariyxıy mısallar da’liyllep tur. Bul ashshı haqıyqat ba’rshemizge, a’sirese, bu’gin turmısqa u’lken u’mit ha’m isenim menen kirip kiyatırg’an jaslarımızg’a ba’rhama sabaq bolıwı lazım.

Usı ko’z-qarastan qarag’anda, biz o’z tariyxımızdı qalıs ha’m tuwrı bahalap, ruwhıy miyrasımızdı bayıtıw ha’m rawajlandırıwg’a o’z u’lesimizdi qosıwımız, sol tiykarda bu’gingi du’nya ilimi ha’m ma’deniyatının’ joqarı shoqqıların iyelewdey ullı wazıypag’a ha’r ta’repleme mu’na’sip ha’m tayar bolıwımız da’rkar.

Prezidentimiz bul kitabında bilimlendiriwdi ta’rbiyadan, ta’rbiyanı bolsa bilimlendiriwden ajıratıwg’a bolmaydı – bul shıg’ısqa ta’n ko’z-qaras, shıg’ısqa ta’n o’mir filosofiyası dep atap ko’rsetedi.

Bul haqqında pikir ju’rgizgende Prezident Abdulla Avloniydin’ «Ta’rbiya biz ushın ya o’mir – ya o’lim, ya qutılmaq - ya apat, ya saadat - ya baxıtsızlıq ma’selesidur» degen teren’ ma’nili so’zlerin esleydi. Ullı ag’artıwshı babamızdın’ bul so’zleri a’sirimiz basında milletimiz ushın qanshama a’hmiyetli ha’m aktual bolg’an bolsa, ha’zirgi waqıtta da biz ushın sonshama, al onnan da ko’re a’hmiyetli ha’m aktual bolıp tabıladı.

Nege degende bizge burıng’ı du’zimnen miyras bolıp qalg’an bilimlendiriw sistemasının’ en’ maqul bolmag’an ta’repi sonnan ibarat, onda oqıw protsessinde oqıwshı ha’m studentlerdin’ g’a’rezsiz ha’m erkin pikirlewine jol qoyılmas edi. Ha’r qanday oqıw ornın pitkeriwshilerdin’ bilimine qarap emes, kerisinshe, olardın’ burıng’ı sovet sistemasına ha’m jasalma ideyalarg’a sadıqlıg’ın esapqa alıp bahalaw ha’m o’mirge jollaw printsipi tiykarg’ı orındı iyeleytug’ın edi. Ko’p jag’daylarda sapa ornına san izinen quwıw u’stemlik eter edi. Ko’pshilik jaslar haqıyqıy bilim ya’ki qa’niygeligin arttırıw maqsetinde emes, al ko’birek is ju’zinde diplomlı bolıp alıw u’mitinde texnikum ya’ki institutlarg’a kiretug’ın edi.

Sonın’ ushın da g’a’rezsizliktin’ da’slepki jıllarınan-aq pu’tkil ma’mleket ko’leminde ta’lim ha’m ta’rbiya, ilim pa’n, ka’sip o’ner u’yretiw sistemaların tu’pkilikli reformalawg’a og’ada u’lken za’ru’rlik sezile basladı. Kadrlar tayarlaw milliy bag’darlamasın islep shıg’ıw menen baylanıslı protsess uzaq jıllar dawamında bul tarawda biraz mashqalalardın’ jıynalıp qalg’anlıg’ın ko’rsetti.

Tu’rkstan o’zinin’ son’g’ı bir yarım mın’ jıllıq tariyxında bar jog’ı 376 jıl g’a’rezsiz ma’mleket sıpatında bolg’an. Basqa payıtlarda basqınshılar zulımı astında ku’n keshirgen. Xalqımızdın’ grek-makedonlar zulımına, arab jawlap alıwshılıg’ına, mong’ol-tatar basqınshılıg’ına ha’m patsha Rossiyası koloniyalıq du’zimine qarsı alıp barg’an milliy azatlıq ha’reketleri tariyx betlerinde ma’n’gi qalg’an.[28]

Bunda elimizdin’ g’a’rezsizligi ushın gu’reste u’lken iz qaldırg’an tariyxıy shaxslar Tumaris, Shiraq, Spitamen, Muqanna, Jalaladdin Manguberdi, A’mir Temur h.b. ma’rtlikleri haqqında bay mag’lıwmatlar, tariyxıy derekler tiykarında videofilmlerden, lazer disklerden, kompyuter h.b. ha’zirgi zaman informatsiyalıq texnologiyalardan paydalanıp sabaqlar sho’lkemlestiriw ha’zirgi ku’nnin’ talabı bolıp tabıladı.

El jurt da’rti menen jasawdın’ a’jayıp u’lgisi sıpatında Najmaddin Kubronın’ ma’rtligin ayrıqsha atap o’tiw za’ru’r. Musılman du’nyasında atı ma’lim bolg’an ullı danıshpan ha’m oyshıl Najmaddin Kubro mongol jawlap alıwshılıg’ı payıtında

[28] O’zbekistonning yangi tarixi. 3 kitob.Mustaqil O’zbekiston tarixi. T., 2000, 8-bet.

o’z janın saqlap qalıw ha’m elden shıg’ıp ketiw mu’mkinshiligi berilgende, «Watan yamasa sharapatlı o’lim» uranın ortag’a taslap, o’z sha’kirtleri menen birge dushpan menen son’g’ı demine shekem gu’res ju’rgizedi ha’m el g’a’rezsizligi jolında sheyit o’ledi. Xalqımızdın’ ma’rt perzentleri Ernazar alako’z, Allayar Dosnazarov h.b. azatlıq jolındag’ı gu’reslerin, milliy ma’mleketshilikti qayta tiklewde islegen xızmetlerin keleshek a’wladqa jetkeriw milliy maqtanısh sezimlerin qa’liplestiredi. ha’m el jurt ushın xızmet etiwge sharlaydı. Tumaris, Gu’layım, Qumar ana, Jumagu’l Seytova h.b. ma’rt hayal qızlarımızdın’ sawlatı, el jurt tınıshlıg’ı ha’m azatlıg’ı jolındag’ı analıq mehri, bu’gilmes qa’lbi jas a’wladtı ta’rbiyalawda a’jayıp tımsal bolıp xızmet etedi.

Milliy G’a’rezsizlik ideyasın ko’tergen ullı ag’artıwshılar jadidler boldı. Jadidshiliktin’ fenomeni sonnan ibarat, keyingi u’sh a’sir ishinde bul ag’ım birinshi bolıp milliy ma’mleketshilik qurıwg’a urındı, birden bir g’a’rezsiz Tu’rkstan ushın gu’resti ha’m ol milliy g’a’rezsizlik ideyasına tiykar saldı. Jadidler Shıg’ıs ha’m Batıs ma’deniyatı jetiskenliklerin iyelewge umtıldı. Olar shet ellerge barıp, ha’r qıylı ma’mleketlerdegi ma’deniyat ha’m ta’limnin’ rawajlanıw da’rejesin ko’rdi, olardı salıstırdı ha’m bul zeyinli jaslarda jer ju’zilik rawajlanıw jetiskenliklerin Tu’rkstang’a alıp keliw tilegi payda boldı. Na’tiyjede jadidlerdin’ dıqqat orayında birinshi basqıshta ta’limdi reforma islew wazıypası qoyıldı. Jadidler bunday reformalardın’ za’ru’rligin tek teoriyalıq jaqtan da’liyllep g’ana qalmastan, ba’lkim jan’a usıldag’ı mektepler, kitapxanalar, oqıw zalları ashıp, sabaqlıqlar jazıp, o’z ideyaların a’melge asırıwg’a u’lken ku’sh jumsadı.

XX a’sir basında Tu’rkstan jadidshiligi jetekshi siyasiy ha’reketke aylandı. Jadidler milliy siyasiy partiyalar ha’m sho’lkemler du’zdi, tipografiyalar sho’lkemlestirdi, gazetalar shıg’ardı, demokratiyalıq huqıq ha’m erkinlikler talap ete basladı. Olar uyqıdag’ı Shıg’ıstı oyatıwg’a azatlıq, milliy maqtanısh, o’z ullı ata-babaları, bay ma’deniyatı ha’m ulıwma, koloniyalıq du’zimnin’ qısımı astında umıtılg’an milliy qa’driyatlardı qayta tiklewge shaqırdı. Ja’miyetlik sana, onın’ rawajlanıwında tariyxtın’ tutqan ornın jadidler jaqsı tu’sindi. «Jadidlerdin’ basshısı» dep ta’n alıng’an Behbudiydin’ pikirinshe: «Xalıq tariyxı, ma’mleket

tariyxı, islam tariyxın bilmey turıp a'piwayı musılman, ma'mleket iskeri, ruwxaniy, alımnın' da bolıwı mu'mkin emes»[29].

Jaqın tariyxımızda, totalitar sovet du'zimi da'wirinde bir pu'tin xalıq bir birine dushpan bolg'an klasslarg'a aylandırılıp, xalıqtın' aldın'g'ı sanalı wa'killeri bolg'an milliy intelligentsiya, el basshıları qırg'ıng'a ushıratılıp, aman qalg'anları su'rginge jiberildi.

Usınday repressiyalar ju'rgiziwler arqalı g'ana ma'mleket basında turg'an bolshevikler xalıqtı qorqınıshta uslap turıwg'a eristi.

Bunday repressiyalar xalıqtın' ruwxıy turmısına da u'lken zıyan tiygizgen. Dinge qarsı ju'rgizilgen gu'res mapazında ko'plep jazıqsız ulamalarg'a jalg'annan jala jabılıp su'rginge jiberilgen, atıp taslang'an. U'yinde arab grafikasında jazılg'an kitabı bar adamlar qamaqqa alınıp juwapqa tartılg'an, ko'p sanlı bahalı kitaplar o'rtep jiberilgen, ko'mip taslang'an. Meshit ha'm medrese qarabaxanag'a aylandırılıp, buzdırılg'an. Diniy adamlar eldi taslap basqa jurtlarg'a qashqan. Milliy qa'driyatlarımız bolg'an «Nawrız», «Hayt» h.b. bayramlarımız qadag'an etilgen, awızeki xalıq do'retpeleri eskiliktin' qaldıg'ı dep qaralang'an. Na'tiyjede ma'deniy-ruwxıy tarawda xalıq ornı tolmas jog'altıwlarg'a duwshar bolg'an[30].

Jaqın o'tmishtegi xalqımızdın' bunday awır ha'm qayg'ılı ta'g'dirin a'dil tu'rde bayan etiw, o'tken totalitar da'wirdin' ideologiyasının' ta'siri na'tiyjesinde bolg'an burmalawshılıqlardan tazartıw, yag'nıy haqıyqıy tariyxtı jaratıw bu'gingi ku'ni milliy G'a'rezsizlik ideyaların jaslardın' sanasına ha'm qa'lbine sin'diriwde, Watandı su'yiwshilik, azamatlıq ha'm ulıwmainsanıylıq qa'driyatlar ruwxında ta'rbiyalawda a'hmiyetli ruwxıy g'a'ziyne bolıp tabıladı.

G'a'rezsizlik xalqımızdın' ruwxıy tikleniwine, o'zligin an'lawına, ulıwmainsanıylıq qa'driyatlardı ha'm milliy o'zgesheliklerin ja'mlestiriwine ken' mu'mkinshilik ashıp berdi. Xalqımızdın' milliy o'zligin an'lawı barısında haqıyqıy tariyxın, muqaddes qa'driyatların, ata-babalarımızdın' miyrasların biliwge qızıg'ıwshılıg'ı ku'sheydi.

---

[29] Jadidshilik:islohat, yangilanish,mustaqillik va taraqqiyot uchun kurash. T., 1999, 46-bet.

[30] Qaraqalpaqstannin' jan'a tariyxi.Qaraqalpaqstan XIX a'sirdin' ekinshi yariminan XXI a'sir basina shekem. No'kis, «Qaraqalpaqstan», 2003, . 532-533 betler.

G’a’rezsizlik na’tiyjesinde puqaralardın’ sanasın, oylaw ha’m pikirlewin o’zgertiw, eski qatıp qalg’an dogmalardan qutılıw ha’m xalıqtı, milletti birlestiriwshi bayraq xızmetin atqarıwshı milliy ideologiyanı qa’liplestiriw a’hmiyetli wazıypalardın’ birine aylandı. Bunda ulıwmainsanıylıq qa’driyatlarg’a sadıqlıq, xalqımızdın’ ruwxıy miyrasın saqlaw ha’m rawajlandırıw, insan o’z imkaniyatların erkin bildiriwi, watandı su’yiw - milliy g’a’rezsizlik ideologiyası ushın tiykar bolıwshı qag’ıydalar sıpatında qabıl etildi.

Milliy ideologiyanı jaslardın’ sanasına ha’m qa’lbine sin’diriwde g’a’rezsizliktin’ tariyxıy za’ru’rli protsess ekenligin ko’rsetiw, onın’ awır ha’m mashaqatlı jolların ashıp beriw, huqıqıy demokratiyalıq ma’mleket ha’m bazar ekonomikasına tiykarlang’an puqaralıq ja’miyetti qurıw jolında  a’melge asırılıp atırg’an o’zgerislerdi obektiv, ayqın materiallar tiykarında ken’ ja’ma’a’tshilikke jetkeriw ha’zirgi ku’nnin’ aktual wazıypalarınan bolıp tabıladı.

## 3-bap. Prezident İ.A.Karimovtın' «Tariyxıy eslewsiz kelejek joq» kitabı ha'm Qaraqalpaqstan tariyxının' zamanago'y mashqalaları haqqında

### 3.1. Qaraqalpaq xalqinin' a'yyemgi o'tmishi ha'm orta a'sirler tariyxi haqqinda

Prezident İ.A.Karimov «Tariyxıy eslewsiz kelejek joq» kitabında: «Ata-babalarımızdın' a'sirler dawamında toplag'an turmıslıq ta'jiriybeleri, dini, psixologiyalıq, ilimiy ko'z-qarasların o'zinde sa'wlelendirgen bul nodir qol jazbalardı jaqsılap u'yreniw da'wiri keldi. Sebebi, o'zin'izge ma'lim, sovet zamanında tariyxıy haqıyqatlıqtı biliwge umtılıw xoshemetlenbeytug'ın edi, hu'kimdar ideologiya ma'plerine xızmet qılmaytug'ın derekler xalıq ko'zinen ilajı barınsha jıraq saqlanar edi»[31]. XVIII, a'sirese XIX a'sirdegi tariyxıy dereklerde (Munis, Agahiy h.t.b) bul a'yyemgi u'lke "Bes qala" dep ataladı. Bir ta'repten ha'zirgi Xorezm oblastındag'ı jerler "Bes qala" dep atalsa, ekinshi ta'repten Aral boyı, yag'nıy ha'zirgi Qaraqalpaqstan jeri de "Bes qala" dep atalg'an.

Sonın' ushın da elimiz o'z g'a'rezsizligin alg'annan keyin ma'mleketimizdin' bas nıshanların belgilew barısında Bes qala tariyxıy atamag'a ayrıqsha itibar berilip, bayrag'ımızg'a bes juldız ko'rinisi kirgizildi.

Aral boyındag'ı Bes qala haqqında bir neshe variantlar bar ha'm olarg'a Qon'ırat, Xojeli, Shımbay, Go'ne U'rgenish, Man'g'ıt, bolmasa Shımbay, Qon'ırat, Man'g'ıt, Go'ne U'rgenish, u'shinshisinde Qon'ırat, Xojeli, Shımbay, Qıyat-Shabbaz (Beruniy), Shoraxan (To'rtku'l), qalaları kirgiziledi. 1957-jılı belgili etnograf G.P.Snesarev ta'repinen Xorezmde jazıp alıng'an mag'lıwmatlarda to'mendegi bes qala dizimin ko'riwge boladı 1) Go'ne U'rgenish, Qıyat, Xazarasp, Xiywa, To'k qala; 2) Qıyat, Wa'zir, Tas qala, To'k qala, U'rgenish; 3) Xazarasp, Xiywa U'rgench, Qala-İ-Atraf (To'k qala), Qıyat (Beruniy).[32]

---

[31]Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q. Toshkent, 1998. 4-bet.
[32]Gudkova A.V. To'k qala. Tashkent. 1964 150-bet

Joqarıda ko'rgenimizdey ha'zirgi Xorezm oblastı menen Qaraqalpaqstan Respublikası territoriyasındag'ı XVIII-XIX a'sirlerdegi Bes qala haqqında anıq bir pikir joq. Sonın' ushın da bul tema bu'gingi ku'ni aktual temalardın' qatarına jatadı ha'm aldag'ı wazıypalarda bul boyınsha ko'p anıqlıqlardı kirgiziwdi talap etedi.

Prezidentimiz İ.Karimovtın' to'mendegi pikirlerin atap o'tiwge boladı:

"Ruwxıylıg'ın tiklewi, tuwılıp o'sken elinde o'zin basqalardan kem sezbey, basın ba'lent ko'terip ju'riwi ushın insang'a, a'lbette, tariyxıy yadnama kerek"[33]. Haqıyqatında da insan o'zligin an'law ushın a'lbette o'zinin' tariyxın, o'tmishin, ata - babalarının' qa'driyatların, u'rp - a'detlerin, uliwma aytqanda xalqının' haqıyqıy tariyxın jaqsı biliwleri tiyis. Ha'zirgi ku'nde huquqıy demokratiyalıq puqaralıq ja'miyet qurıw jolında baratırg'an sha'riyatta, a'lbette, jaslarımızdı milliy g'a'rezsizlik ideyası ruwxında ta'rbiyalawda tariyx pa'ninin' de belgili da'rejede ornı bar.

O'zbekistan Respulikası Prezidenti İ. A. Karimovtın' to'mendegi pikirlerinde Watanımız tariyxında belgili orın iyelegen babalarımız haqqında toqtalıp o'tedi.

Tariyx millettin' haqıyqıy ta'rbiyashısına aylanıp barmaqta. Ullı babalarımızdın' isleri ha'm ma'rtlikleri tariyxıy yadnamanı janlandırıp, jan'a puqaralıq sananı qa'liplestirip atırmaqta[34].

Prezidentimiz İ. A. Karimov atap o'tkendey, o'z tariyxın bilgen, onnan ruwxıy ku'sh alatug'ın xaliqtı jen'ip bolmaydı eken, biz haqqanıy tariyxımızdı tiklewimiz xalqımızdı, milletimizdi sol tariyx menen qurallandırıwmız za'ru'r. Tariyx menen quralandırıw, ja'ne bir ret qurallandırıw za'ru'r.

Joqarıdag'ı Prezidentimizdin' pikirlerin esapqa ala otırıp, bu'gingi ku'nde biz tariyxımızdı o'zimiz qaytadan tiklewimiz kerek. Sonday-aq, Patsha

---

[33] Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q. Toshkent, 1998. 8-bet

[34]Karimov I.A. O'zbekistan XXI a'sir bosag'asinda: qa'wipsizlikke qa'wip, turaqliliq sha'rtleri ha'm rawajlaniw kepillikleri. No'kis, 1997. 140-bet

Rossiyasının' kolonial siyasatına qarsı gu'resken el batırlarımızdın' tariyxın qayta tiklew za'ru'r dep oylaymız.

«O'zligimizdi biliw tariyxtan baslanadı. Biraq tariyx degen ba'neni bu'rkenip alıp, o'tkendegi barlıq miyrastı u'yreniw, tiklew dep tu'sinbew kerek. Miyraslardın' bu'gingi turmıs talabına juwap beretug'ın, sotsial-ekonomika, ma'deniyat, xalıqlar birligin bekkemleytug'ın miyraslardı u'yreniw, rawajlandırıw kerek. Sonday miyraslardın' biri Beruniy miynetleri. Ol, ilim, ma'deniyattı rawajlandırıp, milliy ideologiyamızdı bayıtadı. Sonlıqtan Beruniy miynetleri du'nya ju'zi ilimpazları ta'repinen joqarı bahalanbaqta. Beruniydin' «O'tken a'wladlardan qalg'an miyraslar» miynetinde, xalqımızdın' jıl sanawı, jıldı ma'wsimge, ayg'a bo'liwleri, olardın' a'nanaları berilgen. Ayrım ku'nlerge baylanıslı da'stu'rler, bayramlar, diniy isenimler keltirilgen. Bul miyraslardın' ko'pshiligi jergilikli xalıqlardın' turmısında elede o'mir su'rmekte. Bul derekler ha'zirgi jergilikli xalıqlar usı jerlerde a'yyemgi dawirlerden berli jasap kiyatırg'anın, olardın' sol da'wirlerdegi ma'deniyat, ilim da'rejesin ko'rsetedi. Demek, Beruniy ta'biyat ma'seleleri menen de teren' shug'ıllang'an. Beruniy bul miynetindegi eski jazba dereklerdegi sogdianlar, baktriyalılar, xorezmliler, massagetler dep ha'r tu'rli atalg'an xalıqlar bir xalıq.

Olardın' tilindegi o'zgeshelikler, bir-birinen bo'lek jasawında g'ana payda bolg'an. Bul jergilikli xalıqlar ha'zirgi o'zbek, qaraqalpaq xalıqlarının' qa'liplesiwine tiykar bolg'an degen mag'ana anıq ko'rinedi bul miynette.

Adamlardın' xalıqqa birigiwi ha'rqanday apatshılıqtan (jawgershilik, asharshılıq, suw apatshılıg'ı) birge qorg'anıw tiykarında bolg'an dep ko'rsetedi Beruniy.

Beruniydin' bul pikirleri onın' «Hindistan», «Geodeziya» miynetlerinde de anıq ko'rinedi. Adam ja'miyetinin' qa'liplesiwindegi bunday tu'sinikler jalpı adam ja'miyeti ushın baylanıstı ku'sheytedi.

Beruniydin' ilimiy ko'z qarasındag'ı o'z zamanlaslarının' ko'pshiliginen bir o'zgeshelik dinge sın ko'z qarasta alıwı. Onın' pikirinshe, du'nyanı jaratıwshı ku'sh bolg'an, al du'nyanın' saqlanıwı, rawajlanıwı o'z nızamlılıg'ı menen

boladı. Tawlardın', da'rya, ko'llerdin' payda bolıwı bolmasa bolmay qalıwı tabiyg'ıy qubılıs, onda retlewshi hesh kim joq. Ma'selen da'rya, ko'llerdegi suwdın' ko'pligi, bolmasa azlıg'ı, qar, jamg'ırdın' bolıwı, bolmawına, hawa rayına baylanıslı dep jazadı Beruniy. Sonday-aq Beruniy, sogdianlar, xorezmliler, marhumnın' ruwxın awqatlandıramız dep, o'zleri ushın pisirgen awqatlardan ku'n udayına tabaqqa salıw kereksizligin sezgendey derek beredi. Bul pikir, ha'zirgi bizin' turmısımızdag'ı geypara da'stu'rlerdi da'bdebesiz, xojalıqqa mu'shkilsiz, jaslarg'a zıyansız o'tkeriwdi talap etedi. Sebebi da'stu'rler jaslardı oqıwlıqsız ha'rqanday tu'sinikke, da'stu'rge ta'rbiyalawshı na'rse. Ata-ana ne islese, jaslarda sonı islemese ol da'stu'r kewildegidey bolıp o'tpegendey ko'rinedi.

Ha'zirgi waqıtları respublikamızda milliy g'a'resizligimizdi bekkemlew, huqıqıy ma'mleket ha'm puqaralıq ja'miyet qurıw sıyaqlı a'hmiyetli ma'selerdin' iske asırılıwı tikkeley bizin' jaslarımızdın' jedel qatnasıwına baylanıslı bolmaqta.

Ha'rqanday el joqarı ma'deniyatı, ruwxıylıg'ı, sawatlılıg'ı menen qu'diretli ha'm abıraylı. Sonın' ushın keleshegin qurıwdı ha'm ko'riwdi tileytug'ın ha'rqanday ma'mleket yamasa ja'miyet birinshi gezekte ayqın ideyag'a su'yeniwi tiyis. Oyshıllardın' miynetlerinde, sonın' biri Beruniy miynetlerinde, insannın' aqıllı, a'dep - ikramlı bolıp jetilisiwi, onın' joqarı minez - qulıqlı, ilim - pa'ndi iyelewi tiykarında g'ana a'melge asırıliwı mu'mkin degen pikirler boldı. Ma'selen, Buxariy, jaslarg'a a'dep - ikramlılıq, hadallıq, shın so'zlilik, pa'klik, ulıwma adamgershilik pazıyletlerin qa'lipletiriwshi u'lken miynetler jazg'an. Farabiy, adamg'a ta'lim - ta'rbiya beriw isi ta'biyat qubılıslarınan o'z maqsetleri ushın paydalana biliw ha'm bul iste basqa adamlar menen durıs u'yrenip, ja'miyet talaplarına juwap bere alatug'ın adam sıpatında qa'liplesiw ushın kerek degen edi. Ol adamlardın' minez - qulqının' o'zleri jasap atırg'an sotsial ortalıqta qa'liplesetug'ının bayanladı. Ol, ta'lim u'yretiw jolı menen, al ta'rbiya o'rnekli is, ta'jriybe menen asırıladı deydi.

Beruniy o'zinin' shıg'armalarında adam jasap o'tken o'mirinde du'nya sırların, o'zinin' ta'g'dirin kerekligin, ne ushın tuwılıp, ne ushın o'letug'ının

bayqaw, adam ushın turmısta bag'darlap jasawdı payda etetug'ının ayttı. Ol ko'p jan'alıqlar ashtı ha'm bul jan'alıqlardı jaslarg'a u'yretiwdin' ta'repdarı boldı. Beruniy oqımag'an, durıs bilimlerden xabarsız adamlardın' du'nyanı tu'siniwi sheklengen da'rejede alatug'ının ayttı. Xalıqtın' ishinde tu'rli isenimlerge aldanıwshılıqtın' ko'pligi usınnan dep ko'rsetti. Sebebi «Bilimsiz adamlardın' kewli ırımlarg'a meyil boladı» dep jazg'an edi. Ol jaqsı a'detlerge ta'rbiyalang'an adam jaqsı islerdi do'retiwde uqıplı bolatug'ın eskertip «jaqsı minez qulıq, jaqsılıqtın' a'lamatı» ekenligin, sonlıqtan jaslarda a'dep-ikramlılıqtı erteden qa'liplestiriw kerekligin na'siyatladı.

Bul na'siyatlardı jaslarg'a u'yretiw ha'm iske asırıw ha'r bir adam, ha'r bir xalıqqa tiyisli is bolıp esaplanadı.

Prezidentimiz İ.A.Karimov "Tu'rkstan" gazetası redaktorlarının' sorawlarına bergen juwaplarında "Milletti saqlaw kerek. Milletti saqlaw ushın onın' haqıqıy tariyxın u'yreniw, abaylaw kerek"[35] - degen edi.

Burıng'ı awqam da'wirinde Edige tariyxın u'yreniwge bolg'an ha'reketlerge qarsı boldı. Onın' atın sabaqlıqlarda da tilge alıwdan tısqarı, ha'tte ol haqqında da'stannın' jırlanıwına tıyım salındı.

Na'tiyjede xalqımız tariyxında u'lken orın tutqan Edige shaxsı ko'p waqıt dawamında u'yrenilmey qaldı.

G'a'rezsizlik da'wirinde Edige shaxsı a'debiy ko'z-qarastan azlı-kem u'yrenildi, biraq bu'gingi ku'nge shekem tariyxıy ilimiy ta'repten u'yrenilmegen.

Ha'zirgi tariyx iliminde Edigenin' ilmiy ko'z-qarastan ashılmay atırg'an ta'repleri ko'p. Birinshi jag'ınan ol tu'rkiy xalıqlardın' ko'pshiligine ma'lim bolg'an da'stan qaharmanı. Da'stannın' qaraqalpaqsha versiyaları on bes baspa tabaqtan kem bolmaytug'ın bolsa, basqa xalıqlar arasındag'ı versiyalar u'sh to'rt baspa tabaqtan aspaydı. Syujet liniyaları da onsha ta'sirli emes. Bul Edigenin' qaraqalpaq da'stanshılıq o'nerinde tiykar bolg'anlıg'ın ko'rsetedi. Ekinshi jag'ınan Edige tariyxıy shaxs bolg'anlıg'ı ushın ol qanday da bir xalıqtın' tiykarg'ı babalarının' biri bolg'anlıg'ı ma'lim. Tariyxshılar ta'n alg'anlıg'ı sıyaqlı ol

[35] Karimov I.A. O'z keleshegimizdi o'z qolimiz benen qurip atirmiz.// Prezident I.A.Karimovtin' «Tu'rkstan» gazetasi redaktorinin' sorawlarina bergen juwaplari. No'kis, «Qaraqalpaqstan» 1999. 16-bet

qaraqalpaqlardın’ negizgi babalarının’ biri edi. Biraq bizin’ a’sirlerimizdin’ 30-jıllarında baslang’an kommunistlik repressiyanı A’mir Temur menen bir tiptegi adamlar sıpatında da qaraladı. Sol tiykarında onın’ tariyxta u’yreniliwin sheklep ol haqqındag’ı da’standı jırlawdı qadag’an etti. Usınday sebeplerge ko’re biz onın’ shawlıqlarınan bolg’an Ormanbet biydi qaraqalpaqlardın’ babası sıpatında ta’n alıp, Edige menen Nuratdindi pu’tkilley umıttıq. Sonın’ ushın da ha’zirgi ku’nnin’ o’zinde de Edige anıq baha bergen emes.

Edigenin’ zamanlaslarının’ o’zi ol haqqında eki tu’rli baha beredi. Ma’selen, Edigenin’ zamanlaslarının’ biri İbn Arabshax onı ko’klerge ko’terip maqtaydı. Al, ekinshi avtor Sharafiddin Ali Yazdiy onı itibarg’a almaydı. A’lbette so’z ilimlerinin’ o’zide siyasat penen bekkem baylanıslı bolıp keletug’ını anıq. Sol jag’ınan esaplang’an Temurdın’ balası Shaxruxtın’ saray ka’tibi bolg’an Ali Yazdiydin’ o’z hu’kimdarlarının’ og’an pu’tkilley qarsı bolıp sawash ashqanın ko’re tura Edigeni maqtawı hasla mu’mkin emes. Bunnan tısqarı Akademik İbrahim Mo’minov Edigeni ko’birek maqtag’an zamanlas tariyxshılarınan bolg’anı İbn Arabshax Amir Temurg’a dushpan adamlardan bolg’an degen juwmaqqa keledi.

Sol da’wirde jazılg’an tariyxıy shıg’armalardın’ o’zide tariyxta o’tken ullı shaxslardı tuwrı bahalag’an dep aytıp bolmaydı. Biraq o’z-o’zinen de ma’lim bolıp turıptı ha’tte Edigenin’ o’zin de tariyx da’lillep bolmaytug’ın kemshilikler bar. Ol o’zi xalqı ushın ba’rhama bolg’an biraq son’ınan a’bden jekkelenip qalg’an tulg’a. Ma’selen, onın’ A’mir Temurg’a xızmet etken 1386-1395-jılları arasındag’ı waqıyalarg’a birde –bir tariyxshı jaman pikir aytpaydı. Lekin onın’ burın Orıs xang’a etken xızmetinen gu’manlanıp qarawdan basqa kemshilik taba almaydı. Onın’ (1395-1410) Altın Ordadag’ı xızmetin bolsa Temurdan pu’tkilley bo’lek su’wretleydi. Bul da’wirde de ol Temurg’a hesh qanday qarsı shıqpag’an. Lekin onın’ Toxtamıstı pu’tkilley joq etemen dep Qırımdı asıp, son’ınan knyaz Vitovttı jen’iwi, sol da’wirdin’ sultanlarının’ ba’rine de ta’n qubılıs[36]. Ol ko’p jag’dayda orıslar menen birlikte awqam da boldı. Moskva knyazı Vasiliydin’ Litva knyazi

[36] Ma’mbetov K. A’mir Temur ha’m A’mir Edige. No’kis «Bilim» 1996. 41 bet

Vitovt u'stinen jen'iske erisiwine ja'rdemlesedi. Lekin onın' Mosvka knyazi Vasiliydin' Vitovttı bag'ındırıw ushın u'gitlewi tariyxshılardın' ha'mmesi maqullag'an ju'da' anıq pikir emes. Onın' Moskva knyazi Vasiliy menen qarsılasıwına negizinen Moskva qa'wenderliginde qalg'an Toxtamıstın' balaları sebepshi bolg'an. Lekin bul u'lken sawashqa aylanbag'an. Biraq sol jag'daydın' o'zide Edigege u'lken apatshılıq alıp kelgen. Edigenin' qayta-qayta Xorezmge ko'z-tigiwi, batırdın' o'z eline bolgan muhabbatı-dep tu'siniwi kerek. O'ytkeni ol Xorezmdi basıp alg'annan keyin de A'mir Temur a'wladlarına dushpanlıq siyasat qollanbaydı. Qaytama elshiler arqalı Shaxrux Mırzag'a ko'p sawg'alar jo'netedi. Ha'tte o'zinin' qızın Hiratqa Temur a'wladlarına turmısqa shıg'aradı. Bul jag'day a'lbette Edigenin' Temur a'wladları menen birge bolg'ısı kelgenligin bildiredi. Xorezmnen basqa jerdin' hesh qaysısına barg'ısı kelmeydi. Biraq sol da'wirdegi feodallıq tartıslardın' o'zi Mawarawnnahrdın' ha'r qanday u'lkesinde Temur a'wladlarının' taxtqa otırıwın talap etti. Sol sebepli Shaxrux Edige menen qanshama doslıq mu'na'sebette bolmasın, onı Xorezmnen quwıp ornına Temur a'wladlarınan bolg'an patsha otırg'ızıwı sha'rtli jag'daylardın' biri bolg'an. Sol ushın da Shaxrux mırzanın' ulı- İbrayım Sultannın' o'tinishi menen Temuriyler tariyxındag'ı belgili kitap Zafarnamanı jazg'an Ali Yazdiy Edige haqqında a'dewir gu'ljimli pikirlerdi aytqan.

İran tariyxshılarınan bolg'an Natan Aliy A'mir Temur menen Edigeni ten' bahalag'an. Rus tariyxshılarınan bolg'an G.Gummlev: «Edige sonshama g'aybar adam bolıwına qaramastan, Toxtamıs sıyaqlı, teris minezi joq ,ju'da' jırtqısh adam emes edi»-deydi[37].

“Ol ko'p jag'daylarda kelisimge kelip gu'nasız adam o'ltiriwshiliklerge de qarsı bolg'an”-degen pikirlerdi aytadı. Onın' Kol Vitovt aldında ha'tte Qutlug' Temur patshadan da o'zin joqarı tutıp albıramay kelisimge keliwi za'ru'r bolg'an ma'selelerdi ayqın sheshiwi a'sirese Vitovt Qutlug' Temurge:

-sen altının'ın' ko'p bolg'anına maqtanıp o'zin'in' oylag'an ten'ge shıg'ara bermey bizdey jas u'lkenlerdi de esin'e al.

---

[37] Ma'mbetov K. A'mir Temur ha'm A'mir Edige . No'kis «Bilim» 1996. 42 bet

Sebebi, men sennen u'lkenmen g'oy degenimde Edige qorıqpay;

-Sizlerdin' ba'rshen'izdin' de jas u'lkeni men. Sol ushında ten'ge menin' atımnan shıg'arılıwı kerek-dep aytqanı belgili tariyxshı Gumilevqa a'dewir unap qalg'anlıg'ın o'zi de jasıra almaydı.

Qullası, Edige Oraylıq Aziya ha'm Shıg'ıs Evropa tariyxında quramalı bir shaxs. Onın' jolının' ha'mmesi de A'mir Temur tariyxı menen baylanıslı.

Ol da A'mir Temur sıyaqlı Aziyadag'ı bosag'ası bekkem tu'rkiy xalıqlardan quralg'an ullı ma'mlekettin' du'ziliwine u'lken u'les qosqan belgili sa'rkardalardın' biri.

Prezident İ.A.Karimov aytqanınday: İnsan o'zligin an'lag'anı sayın ju'reginde Watang'a muhabbat sezimi tamır atıp, joqarılap baradı. Bul tamır qansha teren' bolsa, tuwılıp o'sken elge muhabbat ha'm sonday sheksiz boladı, ol o'z tag'dirin Watan ko'rki menen baylanıslı dep biledi.

O'zlikti an'law- xalıqtı oyatıwshı, pikir ha'reketke keltiriwshi, ja'miyetlik birlestiriwshi ku'sh bolıp, onın' negizinde "bul-biziki" degen iyelik sezimi jatadı. A'lbette bul sezim belgili o'lshemde bolg'anda unamlı o'zgeshelik orın tutadı. Sheginen asqanda bul xalıqtı menmenlikke tajavuzkorliqqa u'ndeydı shegine jetkende milliy o'zligimizge, tutqınlıqqa, xor-zorlıqqa alıp keledi. Shıg'ıs ha'm Batısta Aziya ha'm Evropa xalıqları turmısında ha'm o'zlikti an'law tuyg'ısının' oyanıwı, son'g'ı na'tiyjede olardın' joqarılawına, birlesiwine, basqa xalıqlar menen unamlı jarısqa kirisiwine tu'rtki bolg'an.

Usı mag'anada bizde ha'm «O'zbekistan-birden bir Watan» degen tuyg'ı joqarı ja'miyetlik da'rejede qa'liplespekte. O'zbekistan diyarında qa'dimnen tu'rli tsivilizatsiya wa'killeri, ma'deniyat qatlamları, ha'r tu'rli isenim du'nya qaraslar birge jasap kelgen. Bul jerde jasawshı xalıq jurtbasshımız İ.Karimov aytıp o'tkenindey, basqa jerden ko'ship kelip, ornasıp qalg'an emes. Bul zamin ata-babalarımız jasap o'tken a'zzelliy ha'm muqaddes ma'kan. Bul jer Shıg'ıs ha'm Batıstın', Arqa menen Tu'sliktin' qa'dimgi o'tmishi ha'm ullı keleshektin' tutasqan jeri, Oraylıq Aziyanın' ju'regi, insaniyat oyı, pa'n ha'm ma'deniyattın' en' eski oshaqlarınan biri. Bul topıraqta ja'ha'ndi tan' qaldırg'an tsivilizatsiyanın'

tamırları payda bolg'an, insaniyat tariyxının' en' qa'dimgi da'wirlerinen tiyisli diniy ha'm filosofiyalıq da'stu'r qa'liplesken. A'yyemgi Grek filosofı Geraklit bul eldi filosofiyalıq oydın' besigi dep biykarg'a ta'riyplemegen.

Sonı aytıp o'tiw kerek bizin' tsivilizatsiya o'zine ta'n oylaw usılına tayanadı. Bunday oylaw usılı ko'p o'lshewli (yag'nıy bir waqıttın' o'zinde bir ma'mlekettin' ko'p ta'replerge qamtıp alıw), tolerant (yag'nıy tu'rlishe ko'z-qaraslar ha'm ideologiyalardın' bir-birine baylanıslı jaqtan jasay alıwı, o'zgeshe qaraslarg'a qarata-taqatlılıq bawırı ken'lik ha'm ashıqkewillikke iye bolg'an (yag'nıy tu'rlishe pikirlerge, ko'z-qaraslarg'a shegara qılmaslıq) jan'asha qaraslarg'a qarata taqatlılıq) sebepli elimizde tu'rlishe qaraslar ha'm tu'rlishe diniy isenimler birge jasay alg'an. Bug'an bizin' za'minimizde uzaq waqıt ha'm otparaslıq, ham buddaviylik, ha'm yahudiylik, ha'm xristianlıq, ha'm islam dinleri bolg'anın mısal keltiriw mu'mkin.

Bul za'minde bir ibadatxana ishinde tu'rli din wa'killeri o'z-ara tartıslar alıp barg'an, lekin bir-birinin' insanıy atına til tiygizbegen. Bunday munazaralarda tu'rli din ha'm mazhab wa'killeri bir-birinen qayırlı a'detlerdi u'yrenip alısqan ha'm de o'z dinlerine a'melge asırg'an. Sonday-aq, tu'rli dinlerdin' ma'plerindegi en' aldın'g'ı insanıy da'stu'r ha'm a'detler xalqımız qa'lbinen orın alg'an. Sol sebepli ha'm sahawatlı za'minimizde jasap o'tken tu'rli oyshıllardın' filosofiyalıq qaraslarında insanıy ideyalar u'stinlik qılg'an ha'm olardın' ta'liymatlarında qubılıs ken' ko'lemde, teren' ha'm tolıq berilgen. Bul danıshpanlardın' filosofiyalıq ideyalarında sinkretik (yag'nıy tu'rlishe ideyalardın' bir tu'rlilikke ja'mlestiriw) ha'm sinergetik ( ken', ko'p o'lshewli ha'm ashıq sistemalı) oylaw usılının' u'stinligi yaqqol ko'zge taslanadı. Bunın' tiykarında xalqımızdın' turmıs obrazlı bir tamannan turg'in (o'nermentshilik, bag'darshılıq ha'm diyqanshılıq) ekinshi tamannan ko'shpeli (sharwashılıq) ka'siplerinin' a'zzelden birlesip kelgenligi jatadı.

Prezidentimiz İ.Karimov bul haqqında pikir ju'riter eken, a'ne bul halat o'zimizdin' territoriyamızdag'ı jaylawlardan jaylawlarg'a, qıslaw ha'm jazlaw ma'kanlarg'a ko'ship o'tiw tom ma'nistegi sahabiy xalıqlarga ta'n ko'shpelilikten

tu'pten parıq qılıwın logikalıq tiykarda ko'rsetip bergen. Alpamıs, Go'rug'lı kibi xalqımızdın' milliy da'stanları ha'm bul pikirlerdi yaqqol tastıyıqlaydı.

G'a'rezsizlik jıllarında qa'liplesip atırg'an milliy g'a'rezsizlik ideologiyası xalqımızdın' a'sirlik u'rp-a'det ha'm qa'driyatların, milliy o'zligimizdi o'zinde o'zlestirip, olardı ulıwma insanıy qa'driyatlar, du'nya tsivilizatsiyası jemisleri ha'm de joqarı rawajlang'an ideyalar menen bayıtıp, ma'mleketimiz o'z aldına qoyg'an arzıw maqset ha'm wazıypaların anıq - rawshan ko'rsetedi. Ma'mleketimiz basshısı İslam Karimovtın' «O'zbekistannın' o'z g'a'rezsizlik ha'm rawajlanıw jolı», «O'zbekiston buyuk kelajak sari», «O'zbekiston XXI asrga intilmoqda» sıyaqlı shıg'armalarında ha'm de shıg'ıp so'ylewlerinde O'zbekistan xalqı qanday maqsetke qaray umtılıp atırg'anı, qanday ja'miyet qurıp atırg'anı ilimiy tiykarda ken' ha'm jan - jaqlama jaratıp berilgen.

A'sirese, Prezidentimizdin' «O'zbekiston XXI asrga intilmoqda» shıg'armasında g'a'rezsiz rawajlanıw jıllarında toplag'an ta'jiriybelerge tayang'an halda, burıng'ı sovet du'ziminin' aqıbetlerine qaramay, jurtımız u'lken rawajlanıw jolı, O'zbekistan jan'a a'sirge qanday jobalar menen kirip baratırg'anı tiykarlanadı. Jurtımızda pu'tkilley jan'a ja'miyet qurıw ha'm XXI a'sirdin' da'slepki jıllarına go'zlengen rawajlanıw strategiyasının' turaqlı bag'ıtları ko'rsetip berilgen. Prezidentimizdin' shıg'armalarında qurılajaq jan'a ja'miyettin' ilimiy - filosofiyalıq kontseptsiyası, ja'miyet o'mirin tu'pten reforma etiwden na'wbettegi strategiyalıq wazıypaları tiykarlap berilgen. Sol ma'selelerdi bejeriw milliy g'a'rezsizlik ideyasının' en' a'hmiyetli bolg'an maqsetlerin belgileydi ha'm bul maqsetlerge jetiwge xızmet qıladı.

Rawajlanıwg'a qaray qa'wip qa'terlerden biri ullı ma'mleketlik shovinizm. Prezident İ.A.Karimov aytqanınday: «Ma'lim ku'shler ha'm ma'mleketler ta'repinen bolatug'ın siyasiy, ideologiyalıq ha'm ekonomikalıq basqarıw dep yamasa milletler aralıq ha'm ma'mleketler aralıq, regionallıq qatnasıqlarda og'an bolg'an umtılıw dep aytıwg'a boladı.

Shovinizm ayrım ko’p sanlı milletlerdin’ tek g’ana ko’p milletli imperiya ishinde emes, al onı orap turg’an geografiyalıq-siyasiy jasaw orında da o’zinin’ pu’tkil basqarıwshılıg’ın ornatıw ushın gu’reste sa’wlelenedi»·

Ma’lim bolg’anınday, ullı ma’mleketlik shovinizm globallıq xarakterge iye. Ol o’z wazıypasına ko’re milliy ten’sizlikti aqlaw, ja’riyalaw ha’mde qorg’awdın’ o’zine ta’n forması bolıp esaplanadı. Ullı ma’mleketlik shovinizm payda bolıwının’ sebepleri nede? Tariyxqa ko’z taslasaq, bu’gingi ku’nde ullı ma’mleketler atına iye bolg’an ayrım ma’mleketler ko’plegen poyaslardı o’zlerinin’ «turmıs ma’pleri» territoriyası sıpatında basıp alıp, uzaq waqıt koloniyalıq siyasatı ju’rgizgenine isenim hasıl qılıwı mu’mkin. Usı basıp alıng’an territoriyalardın’ ta’biyiy shiyki zat resurslarınan paydalanıw, bul ma’mleketlerdin’ materiallıq ha’m ruwxıy baylıqların o’zlestiriw olardın’ u’lken ha’m qu’diretli ma’mleketke aylanıwına imkaniyat jarattı. Bunın’ aqıbetinde, o’z a’tirapındag’ı ma’mleketler ha’m xaliqlar menen qatnasıqta o’zin u’stem, jeke dep biliw, adamzat ta’g’diri, xalıq keleshegin belgilewde ayrıqsha abıroyg’a talabanlıq belgisi sıpatında bahalanıwı mu’mkin bolg’an klassikalıq ideologiya tariyx betine shıqtı. Bunday ideologiya ma’mleket siyasatının’ tiykarına aylang’anda uzaq dawam etken qanlı urıslar kelip shıg’ıwı, pu’tkil bir poyaslardın’ wayran bolıwı, ko’plegen xalıqlardın’ boysındırılıwın da’lillewshi mısallardı ko’p keltiriw mu’mkin.

Ekonomikalıq imkaniyatları ha’lsizlengen, sotsiallıq birlik ıdırag’an, ishki qarama-qarsılıqlar ku’sheygen, watan, millet ta’g’dirinen o’zinin’ tar ma’plerin u’stem qoyatug’ın, o’z-ara kelise almaytug’ın, ha’kimiyatqa talaban siyasiy gruppalardın’ bar bolg’an mashqalalardı sırtqı ku’shler ja’rdeminde sheshiwge urınıwı ha’mde ruwxıy ıdıraw, erten’gi ku’nge degen isenimsizlik sezimleri basshılıq qılg’an ma’mleketler ullı ma’mleketlik shovinizmnin’ belgisine aylanıwın zamango’y tariyx ko’rsetip turıptı.

Tilekke qarsı, bizin’ u’lkemizde ullı ma’mleketlik shovinizmnin’ zıyanlı ta’sirinen shette qalmadı. Ol da uzaq waqıt dawamında basshılıq etiwshi shovinistlik ha’m agressiv milletshilik ideyalarının’ pu’tkil qıyınshılıqların tartıp keldi,-dep jazadı İ.A.Karimov.-O’zbekistan Rossiya imperiyası, son’ınan bolsa

sovet imperiyası sostavında ma’jbu’riy tu’rde uslap turılg’an qıyın da’wirdi basınan keshirdi.

Qullası o’mirin o’tep bolg’an ideya, dogma yamasa ideologiya rawajlanıw ko’zqarasınan biykarlanıwı na’tiyjesinde ideyalıq boslıq payda bolar eken, tu’rli ideologiyalıq qa’wipler ku’sheyedi. Usı majliste Prezident İslam Karimovtın’ to’mendegi pikirleri a’hmiyetke iye. Men bir haqıyqattı ja’ne esletpekshimen: ta’biyatta boslıq bolmag’anınday insannın’ sana oyında ha’m boslıq payda bolıwına hasla jol qoyıp bolmaydı. Ha’r bir sanalı adamnın’ waqıyalıqqa o’z mu’na’sebeti maqset ha’m umtılıwları bolıwı ta’biyiy.

O’zbekistan xalqı u’lken ruwxıy miyrasqa iye. Biraq burıng’ı ideologiya ta’sirinde uzaq jıllar tariyxımız bir tamanlama jaralıwınan keledi. Lekin ele bul salada ko’plep mashqalalar ha’m bar. «Tariyxtan ma’lim, xalıqtı o’zine boysindiriwdi qa’legen ku’shler a’wele onı o’zgeshelep tariyxınan ma’deniyatınan ju’da qılıwg’a umtıladı zıyanlı ta’sirler dawam ete berse millet o’zligin jog’altıwı, mın’ jıllıq da’stu’rlerin jog’altıp alamang’a aynalıp qalıwı ha’m hesh ga’p emes» Mine bunı jaqsı biletug’ın ku’sh ha’m ha’r tu’rli poligonlar bizdi tariyxımızdan juda qılıw jollardan paydalanıwg’a ayrıqsha joldan shıg’arıwg’a ha’reket qıladı.

Sonın’ ishinde keyingi jıllarda ko’plep ko’rinip atırg’an jen’il jelpi yamasa urıs filmler bug’an mısal bola aladı. Ma’lim bul filmlerdi ko’pshilik ayrıqsha jaslar tamasha qıladı, sır emes biraz adamlar ta’biyatında minez qulqı mine usınday topalan’larg’a razilıq boladı. Sonı esapqa alg’an halda «Sonın’ ushın sanası qa’liplesip u’lgermegen ko’binese tu’rli jawızliq, jırtqıshlıq shafqatsızlıqlardı u’yretedi. Na’tiyjede olardın’ qa’lbinen tasbawırlıq, zorlıq, a’dep ikramlılıq, sıyaqlı ha’tteki sonday tamasha ha’m filmlerdin’ qaharmanlarına bilmesden taxlid qılıwın qa’leytug’ın geybir qızlar ha’m tabıladı. Sebebi, olar bunday u’ydirme ta’sirinde ko’p uzın awırg’an isi qanday ayanıshlı aqıbetlerge alıp keletug’ının tu’sinip jetpeydi. Tilekke qarsı, bizin’ televideniemizde ha’m sonday filmlerdi ko’rsetiwge ayrıqsha jol qoyılmaqta».

U’lkemiz tariyxshıları g’a’rezsizlik jılları u’lken jetiskenliklerge eristi. XIX a’sirdin’ ekinshi yarımınan XXI a’sir baslarına shekemgi u’lkemiz tariyxın

sa’wlelendiriwshi fundamental akademiyalıq kitap «Qaraqalpaqstan jan’a tariyxı» baspadan shıqtı, 10 ilim doktorı payda boldı, 60 g’a jaqın ilim kandidatları aramızg’a qosıldı. Tariyxshılarımızdan G’.Xojaniyazov «O’zbekistan Qaharmanı» atag’ına, S.K.Kamalov Berdaq atındag’ı respublikalıq sıylıqtı alıwg’a miyasar boldı.

## 3.2. Qaraqalpaqstan tariyxinin’ zamanago’y mashqalalari haqqinda

Degen menen, ele de izertleniwi talap etilip atırg’an tariyxıy temalar ko’p.

1. Qaraqalpaqlardın’ ana Watanı «Xorezm», «Tu’rkistan», «Edil-Jayıq», «Qırım», «Jiydeli-Baysın» haqqında ilimiy ha’m ilimiy jaydarı miynetlerdi do’retiwimiz za’ru’r. J.Berdiev qaraqalpaqlardın’ tariyxıy geografiyası boyınsha jaqsı maqalalar menen baslama ko’terip edi, son’ınan bul tema toqtap qaldı

2. Qaraqalpaqlardın’ etnogenezi tariyxı da akademik S.K.Kamalovtın’ mazmunlı miynet baspadan shıqqannan berli qozg’almay turıptı. Sak-massagetler, augasiy-apasiaklar, tu’rk-pechenegler, og’uz-qıpshaqlar, nog’aylılar, man’g’ıtlar jo’ninde S.K.Kamalov, K.Ma’mbetov, D.Aytmuratovlardan keyin qa’lem terbetken ilimpaz bolmadı. Qon’sı tuwısqan qazaq, tatar, nog’ay, bashqurt, tu’rkmen tariyxshıları etnogenez tariyxı boyınsha og’ada mazmunlı monografiyalar do’retti.

3. «Qaraqalpaq» ataması kelip shıg’ıwı ko’pshiliktin’ qızıg’ıwshılıg’ın tuwdırmaqta. Bas kiyimge, yamasa g’ulpaqqa baylanıslı «qaraqalpaq» ataması haqqındag’ı ko’z-qaraslar menen birge «qara+alp+aq» ataması variantın izertlew dıqqatqa ılayıq. Sonday-aq «qara bo’rikliler», «chernıe klobuki» atamaların da tolıg’ıraq izertlewimiz kerek ha’m qaraqalpaqlarg’a baylanısın bildiriwimiz za’ru’r.
4. Qaraqalpaq ma’mleketshiligi tariyxın «sak-massagetler konfederatsiyası → og’uz-pecheneg konfederatsiyası → kerder → nog’ay ordası → qaraqalpaq ordası → arallılar ma’mleketi → Xiywa xanlıg’ı quramındag’ı qaraqalpaq yarım xanlıg’ı → Tu’rkistan u’lkesi A’miwda’rya bo’limi → Tu’rkistan

respublikası A’miwda’rya wa’layatı → Xorezm respublikası quramındag’ı Qazaq-Qaraqalpaq muxtar wa’layatı → Qazaqstan muxtar respublikası quramındag’ı Qaraqalpaq muxtar wa’layatı → Rossiya Federatsiyası quramındag’ı Qaraqalpaqstan muxtar respublikası → O’zbekistan Respublikası quramındag’ı Qaraqalpaqstan respublikası» degen tariyxıy basqıshlar shen’berinde izertlewimiz kerek.

5. Tariyx iliminde qaraqalpaqlardın’ mentaliteti tolıq izertlenbegen. Xojalıq ju’ritiwdin’ kompleks tu’ri, diyxanshılıg’ı, mal sharwashılıg’ı, balıqshılıg’ı, an’shılıg’ı tariyxı, turaq jaylar qurıw o’zgeshelikleri, suwg’arıw qurılısları tariyxı, ko’rkem o’neri, milliy kiyimleri, milliy tag’amları, da’stu’rlerin izertlew ilimiy ha’m a’meliy turizm a’hmiyetke iye.

6. S.K.Kamalov, A.Koshanov, J.U’bbiniyazov, M.Tlewmuratovlardın’ miynetlerinen keyin biz tariyxshılar qaraqalpaqlardın’ qon’sı o’zbek, qazaq, tu’rkmen, qırg’ız, bashqurt, nog’ay xalıqları menen tıg’ız siyasiy, ekonomikalıq, ma’deniy qarım-qatnasları tariyxın izertlewlerdi toqtattıq. Son’g’ı da’wirlerde qon’sı xalıqlar tariyxshıları bul ma’selede u’lken jetiskenliklerge eristi, degen menen integratsiya protsessinde qaraqalpaqlardın’ qatnasıwı sa’wlelenbey qalıp baratır.

7. Qaraqalpaqlar tariyxıy demografiyası arnawlı tu’rde izertleniwi za’ru’r. A.Bekmuratova ha’m K.Ma’mbetovtan keyin biz urıwlar tariyxın izertlewdi qoydıq. Qazaq tariyxshıları 20 tomnan ibarat urıwlar tariyxın jarattı. Sonın’ menen birge ha’r qıylı tariyxıy da’wirde qaraqalpaqlardın’ sanın biliw zamanago’y mashqala bolıp turıptı. A’sirese, 1897-jıldan keyingi xalıqtın’ jan esabın alıw (perepis) tariyxı izertlenbey atırıptı.

8. Aral ten’izi ha’m A’miwda’rya flotiliyası tariyxın izertlegen S.Sulaymanovtın’ miynetleri sonı ko’rsetip atırıptı: biz Aral ten’izi tariyxına, onın’ waqtı-waqtı qurıp ketiwi protsesslerine, A’miwda’ryanın’ an’g’arının’ o’zgeriwi tariyxına itibar bermey kiyatırmız. U’lkemizdegi ekologiyalıq tariyx arnawlı izertlewdi talap etpekte.

9. Qaraqalpaqlardın’ 100 tomlıq folklorının’ baspadan shıg’ıwı tariyxshılar ushın ju’da’ mazmunlı tariyxıy dereklerdin’ ashılıwı bolıp xızmet etpekte. Da’stanlarımız boyınsha J.Xoshniyazov, M.Maqsetova, K.Allambergenov, U.Orazbaeva ha’m basqalar bahalı miynetler jazdı. Degen menen, barlıq da’stanlarımız tariyxıy derektanıw bag’darında izertleniwi za’ru’r. Sonday-aq qaraqalpaq tariyxıy an’ızları ha’m a’psanaları, «Ormambet biy o’lgende», «Posqan el», «Bozataw», «Qaraqalpaq», «A’wezjan biy» ha’m tag’ı basqa tariyxıy qosıqlarımız tariyxıy derek sıpatında izertleniwi kerek. Berdaq shayırdı qaraqalpaq tariyxshılarının’ atası da’rejesinde u’git-na’siyatlawımız kerek.
10. Son’g’ı da’wirlerde tariyxshılar menen eske tu’siriw jazıwshılar (memuarist) arasında tartıslar payda bolmaqta. Xalqımızdın’ ko’pshilik qatlamı tariyxshı bolıp ketti desek asıra siltegen bolmaymız. Degen menen qa’nige tariyxshı soxta tariyxshılarg’a soqqı beriwi, o’z ka’sibi abıroyın saqlap qalıwı, haqıyqıy tariyxtı do’retiwge umtılıwı kerek.

# JUWMAQ

Tariyx esteligi, xalıqtın', u'lkenin' ma'mleket o'tmishin qalıs ha'm haqıyqıy tariyxın tiklew, milliy o'zlikti an'law, milliy da'stu'rlerdi an'law ha'm o'siriw barısında og'ada a'hmiyetli orındı tutadı. «Sonlıqtan da, - dep ko'rsetti Prezident İ.A.Karimov - Bizin' Watanımızdın' tariyxın ha'm ma'deniyatın, onın' geografiyasın ha'm ekonomikasın, a'yyemgi u'rp-a'detleri ha'm da'stu'rlerin ha'r ta'repleme u'yreniw ku'ta' a'hmiyetli boladı. Barlıq bilimlendiriw-ta'rbiyalaw tarmaqlarında balalar baqshalarınan baslap joqarg'ı oqıw orınlarına deyin - usı pa'nlerge ha'm ilimlerge, oqıtıw ma'seleleri a'hmiyetlik siyasiy wazıypa sıpatında qatnas jasaw za'ru'r».

Prezidentimiz İ.A.Karimov «Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q» kitabında «bizin' a'yyemgi ha'm go'zzal diyarımız tek g'ana Shıg'ıs emes, al, ja'ha'n tsivilizatsiyası besiklerinin' biri bolg'anın xalıq aralıq ja'miyetshilik ta'n almaqta ha'm atap o'tpekte» -dep tariyx penen qızıg'ıwshılıg'ın atap o'tti.

Prezident İ.A.Karimov tariyxshılar menen ushırasqan payıtında «shımshıq soysa da qassap soysın» degen danalıq so'z bar. Men tariyxshı emespen. Bul temada aqıl beriw pikirinen ju'da' awlaqpan. Lekin ta'biyiy bir sawal tuwiladı: ma'mleketshilik tariyxımız burılıs da'wirine kelgen bir payıtta o'zimizdin' zaman ha'm aymaqtag'ı ornımızdı anıq belgilep alıwımız, kimligimizdi biliwimiz kerek pe yamasa joq pa? Yag'nıy, jurtımızda pida'kerlik miynet qılıp atırg'an hu'rmetli akademikler, alımlar, baspa xızmetkerleri, a'wele tariyxshılar birlesip, mine usı sawallarg'a juwap tabıwı kerek pe – joq pa?».

"Tariyx esteligi, xalıqtın', janajan u'lkenin', ma'mleket o'tmishinin' qalıs ha'm haqıyqıy tariyxın tiklew, -dep atap ko'rsetedi O'zbekistan Respublikası Prezidenti İ. A. Karimov, - milliy o'zligimizdi an'lawdı, milliy da'stu'rlerimizdi tiklew ha'm o'siriw barısında og'ada a'hmiyetli orındı tutadı". Tariyxshı alımlarımızdın' ku'sh-g'ayratları menen tariyxımızdın' ko'plegen og'ada a'hmiyetli betleri jan'adan ashıldı, o'tmishimizdi "aqlaw" wazıypaları ulıwma alg'anda juwmaqlandı.

Ha’zir bolsa tiykarg’ı wazıypa, - elimiz basshısı İ. A. Karimovtın’ so’zleri menen aytqanda,- tariyxıy izertlewlerdi ilimiy tamannan qalıs ha’m hadal a’melge asırıwdan ibarat.

Tariyxshılardın’ **tiykarg’ı wazıypaları** to’mendegilerden ibarat:

**Birinshiden**, qa’niyge tariyxshı kadrlarg’a teren’ milliy ha’m ulıwma insanıy, tariyxıy, ideyalıq, siyasiy, ilimiy-teoriyalıq du’nyag’a ko’z-qarastı sin’diriw, usı maqset jolında tariyx ilimin ken’ u’yretiw.

**Ekinshiden**, insanda milliy oy-pikir, maqtanısh ha’m o’zlikti, milliy hu’jdan ha’m ulıwma insanıy ka’millikti ta’rbiyalaw.

**U’shinshiden**, Watandı su’yiwshilik ha’m a’skeriy erlikti, Watang’a sadıqlıqtı ta’rbiyalaw.

**To’rtinshiden**, milliy ha’m tariyxıy qa’driyatlardı asırap-abaylaw ruwxın sin’diriw, olarda joqarı psixologiyalıq pazıyletlerdi ta’rbiyalaw.

**Besinshiden**, Watan ha’m xalıq, millet, ata-ana, perzent, ta’biyat ha’m ja’miyet aldındag’ı muqaddes minnetlerin teren’ seziw ha’m olarg’a sadıq ruwxda ta’rbiyalaw.

Tariyxnama - ba’rinen burın tariyxtı ilmiy biliw tariyxı esaplanadı. Rawajlanıwdag’ı en’ jan’a da’wir Qaraqalpaqstan tariyxnaması ilimi usı pa’nnin’ predmeti esaplanadı.

Turmıs tariyx ilimine ko’plegen sorawlardı usınıwg’a tolıq huquqlı, tariyx ilimi bolsa turmıstın’ usı sorawlarına juwap beriwi tiyis. Degen menen, usı sorawlarg’a juwap beriw ushın jaqın o’tmishti izertlegende ha’r saparı en’ jan’a tariyx da’wirinin’ da’slepki jıllarınan baslap jan’adan jazıw kerek emes, yag’nıy prezentizm ideyasına sa’ykes ha’r bir a’wlad o’zleri ushın jan’a tariyx jazıwı tiyis emes, onı o’zlerinin’ talaplarına sa’ykes o’zgertiwge bolmaydı. Tariyxshı tariyx iliminin’ burıng’ı da’wirlerinde ja’mlengen belgili materialg’a iye bolıp, bul material faktler, kontseptsiyalar ha’m juwmaqlardan ibarat boladı. Olardı tolıq tu’rde biykarlamay, ishindegi a’hmiyetli kontseptsiyalar ha’m juwmaqlardı saqlap qalıw kerek. Mısalı, ekinshi jer ju’zilik urıs da’wirindegi tariyxıy waqıyalar ha’m juwmaqlar ha’zirgi ku’nde de o’zinin’ a’hmiyetin joyıtqan joq. Ja’miyetshilik

ha’zirgi ku’n talabınan kelip shıg’ıp o’zinin’ jaqın o’tmishine saylandı tu’rde qızıg’atug’ının umıtpawımız kerek.

Sonday-aq jan’adan payda bolg’an mashqalalar tariyx iliminde teren’ o’zgerislerge alıp keledi, jan’a tarawlar payda boladı, basqa pa’nler menen baylanıs ku’sheyedi. Mısalı, ekologiya tariyxı, ekonomikalıq tariyx, siyasiy tariyx, sotsiologiya ha’m tag’ı basqalar.

Mashqalalardın’ ko’pligi ha’m ken’eyiwi tariyx iliminin’ tariyxıy dereklerinin’ ken’eyiwine alıp keledi. En’ jan’a da’wir Qaraqalpaqstan tariyxnamasın izertlegende tariyxıy dereklerdin’ ko’pligin atap o’temiz, bul ken’likte biz aljasıp ketiwimiz de mu’mkin. Sonlıqtan tariyxıy derekler jag’dayı, olardın’ waqıyalardı obiektiv tu’rde sa’wlelendiriwi a’hmiyetli faktor esaplanadı, sebebi tariyx ilimi konkret ilim esaplanadı. Tariyx iliminin’ juwmaqları ha’m kontseptsiyaları qatan’ izertlengen mag’lıwmat negizinde payda boladı. Sonın’ ushın tariyxıy faktti teren’ salıstırıp, anıg’ına jetiwimiz kerek.

## Paydalanılg'an a'debiyatlar

### O'zbekistan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov shıg'armaları


1. Karimov İ.A. O'zbekistan XXI a'sir bosag'asında: qa'wipsizlikke qa'wip, turaqlılıq sha'rtleri ha'm rawajlanıw kepillikleri. No'kis, 1998.

2. Karimov İ.A. Ja'miyetimiz ideologiyası xalıqtı-xalıq, milletti-millet qılıwg'a xızmet etsin//Tafakkur jurnalı| 1998.

3. Karimov İ.A. Hushyorlikka da'vat. Toshkent, 1999.

4. Karimov İ.A. Milliy istiqlol mafkurasi-xalq e'tiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir. Toshkent, 2000.

5. Karimov İ.A. O'zbekiston XXI asrga intilmoqda. Toshkent, 2000.

6. Karimov İ.A. Olloh qalbimizda - yuragimizda. — Toshkent, 1999

7. Karimov İ. A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo'q. Toshkent, 1998.

8. Karimov İ. A. O'zbekistan XXI a'sirge umtılmaqta. No'kis, 2000

9. Karimov İ.A. Biz kelajagimizni o'z qo'limiz bilan quramiz. Toshkent, 1999

10. Karimov İ.A. Joqarı ma'na'wiyat – jen'ilmes ku'sh. Tashkent, 2008.

11. Karimov İ.A. O'z keleshegimizdi o'z qolımız benen qurıp atırmız.// Prezident İ.Karimovtın' «Turkstan» gazetası redaktorının' sorawlarına bergen juwapları. No'kis, «Qaraqalpaqstan» 1999. 16-bet

12. Karimov İ.A. Ona yurtimiz baxtu iqboli va buyuk kelajagi yo'lida xizmat qilish – eng oliy saodatdir. – Toshkent: O'zbekiston, 2015.


### İlimiy a'debiyatlar


13. O'zbekiston Yangi tarixi. 1-3 kitob. Toshkent: Sharq, 2000;

14. Kamalov S.K. Qaraqalpaqlardın' xalıq bolıp qa'liplesiwi ha'm onın' ma'mleketligi tariyxınan. No'kis, 2001.

15. Masharipov A. Xorazm tarixidan saxifalar. Toshkent: O'zbekiston, 1994. 23- bet

16. Jadidshilik: islohot, yangilanish, mustaqillik va taraqqiyot uchun kurash. Toshkent, 1999,.46 b.

17. Seytimbetov M. Tariyx — o'zligimizdi an'lawdın' negizi. No'kis, 1999. 6-bet.

18. G’ulomov Ya.G.Xorazmning sug’orilish tarixi. Qadimgi davrlardan hozirgacha. Toshkent,1957.
19. Muxammedjanov A.R. Yahyo G’ulomov ilmiy faoliyatining asosiy yo’nalishlari/ O’zbekistonda ijtimoiy fanlar.1998.-№4-5. 3-9 bet
20. Shirinov T.Sh., Pardaev M.X., Mirzaaxmedov J.K. Akademik Ya.G.G’ulomovning ilmiy ishlari ro’yxati//O’zbekistonda moddiy madaniyat tarixi. 28-kitob. 7-11 bet.
21. Qaraqalpaqstannın’ jan’a tariyxı. Qaraqalpaqstan XIX a’sirdin ekinshi yarımınan XXI a’sir basına shekem. No’kis, Qaraqalpaqstan, 2003
22. Ma’mbetov K. Amir Temur ha’m A’mir Edige. No’kis «Bilim» 1996. 41-bet
23. O’zbekistonning eng yangi tarixini o’rganishning nazariy metodologik asoslari Respublika ilmiy-amaliy konferentsiyasi materiallari. 14-may 2016 yil. Qarshi davlat universiteti. Qarshi, 2016
24.Koshanov B.A. Qaraqalpaqstan tariyxnaması. En’ jan’a da’wir. No’kis: Bilim, 2016
25.Koshanov B.A., Ametov T.A. Ocherki noveyshey istorii Respubliki Karakalpakstan. Nukus: Karakalpakstan, 2015
26. Koshanov B.A., Ametov T.A. İslom Karimovning asarlari Qoraqalpog’iston eng yangi tarixi bo’yicha muhim tarixiy manba // «Tarixiy manbashunoslik, tarixnavislik, tarix tadqiqoti metodlari va metodologiyasining dolzarb masalalari» res. USh ilmiy-nazariy konf. Toshkent davlat sharqshunoslik instituti Toshkent, 2016. Toshkent, 2015 30- aprel. 106-110 betler;
27.Ametov T.A. Znachenie trudov İslama Karimova v issledovaniyax noveyshey istorii Karakalpakstana// O’zbekistonning eng yangi tarixini o’rganishning nazariy metodologik asoslari Respublika ilmiy-amaliy konferentsiyasi materiallari. 14 may 2016 yil. Qarshi davlat universiteti. Qarshi, 2016. 70-72 betler
28.Kamalov S.K., Koshanov B.A. Problemı istorii XX veka // Vestnik KKOANRUz. 1996, № 2, s. 79-81.
29.Kamalov S.K. Qaraqalpaqstan tariyxına kirgiziletug’ın geypara o’zgerisler haqqında//Erkin Karakalpakstan,1995, 25-yanvar

30.Bazarbaev R. İstoriya kadrovoy politiki sovetskoy vlasti v Karakalpakstan (1917-1941 gg.). – Nukus: Bilim, 2012
31.Paxratdinov A. So'ylenbegen tariyx.- No'kis: Qaraqalpaqstan, 1996
Kamalov K. El xızmetinde. No'kis, 1995.
32.Sarıbaev M.K Politika xlopkovoy monokulturı sovetskoy vlasti v Karakalpakstane i ee posledstviya (1917 – 1990 gg.). – Tashkent: İzd. Natsionalnoy bibl. Uzbekistana im. A.Navoi,, 2006
33.Ballıeva R. Etnokulturnıe osobennosti prirodopolzovaniya narodov Priaralya (v kontse XIX i nachale XX veka). - M., 2003
34.Bazarbaev J. Milliy ideya – jol ko'rsetiwshi juldız. - No'kis: Qaraqalpaqstan, 2011
35.Abdullaeva Ya.A. Qoraqalpog'iston xotin-qizlari: Kecha va bugun. XIX asrning oxiri va XX asr. – Toshkent: Ijod dunyosi, 2004
36.Urazbaeva R.Dj. İstoriya obrazovaniya v Karakalpakstane (poslednyaya chetvert XIX – nachalo XXI vv.). – Tashkent: Yangi nashr, 2011
37.Sarıbaev A.K. Xlopkoochistitelnaya i tekstilnaya promıshlennost Karakalpakstana v 1980-1995 gg.: istoricheskiy opıt i problemı vozrojdeniya natsionalnoy promıshlennosti. - Tashkent, 2008